МагIарулай

Хъизаналъго цIализе журнал

№ 5 / 2026

СВО	Юбилей	Жиндирго иш	Хъизан
«Дица дирго халкъ ахиралде щвезегIан цIунила...»	*Театралияб искусствоялъул борхалъуда*	*«Фермаялда хIалтIи унеб букIана 24/7»*	*Эбелалъул рекIел хинлъи*



Шагьризат Тахнаева

Творчество ккола рекIелъ бугеб загьир гьабизе нух!

«Женщина Дагестана»
на аварском языке
№ 5/2026

Учредитель:
Министерство цифрового развития, информации и печати Республики Дагестан.
Главный редактор
Х. А. Шамилова j-dag@mail.ru
Редакционная коллегия:
заместитель главного редактора
С. Х. Булгаева sulgi65@mail.ru
Ответственный секретарь
Г. Х. Асадулаева musaeva_gulnara@mail.ru
Редактор русского выпуска
А. М. Бабаева aida-babayeva2012@yandex.ru
Редактор аварского выпуска
Б. Ш. Мухидинова bahu4y@mail.ru
Редактор даргинского выпуска
П. М. Сулейманова zehra.fatimat@mail.ru
Редактор кумыкского выпуска
П. Х. Хайбуллаева bike-1970@mail.ru
Редактор лакского выпуска
А. Ю. Абдурахманова delia25@mail.ru
Редактор лезгинского выпуска
Н. Н. Ибрагимова shikhnabieva1981@mail.ru
Редактор табасаранского выпуска
С. М. Исрафилова suvaynat@mail.ru
Корреспонденты:
А. Тажудинова, В. Ратенкова, Р. Бакидов, С. Эмирова
Художественный редактор
Г. А. Курбан-Адамова guleymat@mail.ru
Адрес редакции и издателя:
367018, Республика Дагестан, г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, **1**а.
j-dag@mail.ru; zhenshina_dag@e-dag.ru
Журнал отпечатан в типографии: ГАУ РД «Дагестанское книжное издательство «Даггосиздат». г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, **1**а.
Телефоны редакции:
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
Официальный сайт журнала «Женщина Дагестана»: женщинадагестана.рф
Дата выхода в свет 28.10.2026 г.
Объем: 5,5 усл. печ. л.
Заказ № 1002. Тираж (2518) 530 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г. Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00429 выдан Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

Арт-директор - М. Ю. Моллакаев (MagHazar)

Журналалда руго

1 Редакторасул калам
Кидаго букIуна тIаса бищизе рес!

2 Искусство
Тӏворчество ккола рекIелъ бугеб загьир гьабизе нух!

6 Гьал рукIана тIоцересел
МагIарулай – нарком

10 Инсан
Гьанже гуреб батани, кидал?

14 СВО
«Дица дирго халкъ ахиралде щвезегIан цIунила...»

18 Гьанжезаманалъул чIужугIадан
«Дица гьезие кечI ахIана, операция гьабулебгIан мехалъ»

22 ШигIрияб бокIон
Залпа МухIамадрасулова

24 Юбилей
Тӏеатралияб искусствоялъул борхалъуда

30 АхIана нужей кечI керенги рагьун...
Эбелаллде

32 Жиндирго иш
«Фермаялда хIалтIи унеб букIана 24/7»

36 Гьанжезаманалъул чIужугIадан
Цо гIумру, кIиго рекIел ахIи

40 Хъизан
Эбелалъул рекIел хинльи

44 ГIадатал
Хъизаназдалъун бечедаб ансамбль «Лезгинка»

48 Бертадул мода
Щибай бахIаралъе маргьа чIаголъулеб бакI

52 Проблема
Гьалъул хIакъалъулъ бицунаро

55 Юбилей
Бийке Кулунчаковалъе – 80

POST scriptum

57. ***И вновь праздник графики в Дагестане!***

58. Реклама
Женщины Дагестана выбирают Coral Club

60. Медицина
Долголетие без иллюзий

На обложках:
I – Шахризат Тахнаева, заслуженный художник Республики Дагестан, педагог, общественный деятель
IV – Работы Ш. Тахнаевой



Кидаго букIуна тIаса бищизе рес!

ТIолгороссиялъул рищиял тIоритIана! Хьул буго гьел рукIинин пачалихъалъул политикияб гIумруялда жаниб цIакъ кIвар бугеллъун, халкъалъул рукIара-рахъин лъикIлъиялъе, жамгIияталъул тIалабал тIураялъе, пачалихъ бечелъиялъе ва щулалъиялъе квербакъулел депутаташдалъун бечедаблъунилан. Кинабго – дунялалъул картаялда Россия щулалъиялъе гIоло!

«Нуж политикаялде гъорлъе лъугьинчIони, политика лъугьуна нужер гIумруялде гъорлъе», – йилан хъван буго франциялъул хъвадарухъан ва политик Шарль де Монталамберица. Нилъер гьесда разилъичIого рукIине бакI гьечIо: жамгIияталда гъолъги рукIун гьелда бараб жо гьечIого букIунаро. Гьединлъидал нилъ жигаралда гIахьаллъула рищиязда гъорлъ ва кIудияб хиса-басиязул гIахьалчагIилъунги лъугьуна.

Дица хIукму гьабуна, 2026 соналъ ГIахъуш районалдасан «Единая Россия» партиялъул сияхIалдалъун, Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъиялде кандидатура лъезе. ГIемераб цебе лъалареб букIараб лъана дида гьал рищиязда гъорлъ гьабураб гIахьаллъиялъ. Бищунго цебе, кIудияб баркала кьезе бокьун буго дир кандидатура мустахIикъаблъун бихьун, пайдаяй депутат йикIиналин – тIоцебе прайморизалда дида божилъи гьабуралъухъ ва депутатлъун яхъине рес кьуралъухъ – хадуб, партиялъул рахъ ккунги, кумек гьабуралъухъ. Нужее кIудияб баркала!

БитIараб бицани – бигьаго букIинчIо. Дун унго-унгоги я нахъа чи гьечIого, я гIемераб гIарац гьечIого, дирго бажариялде мугъчIвайги гьабун цее уней йикIана. Дида нахъа бугеб бищун кIудитяб къуват букIана дида божилъи гьабурал гIадамал ва дирго божилъи, дида дирго халкъалъеги, республикаялъеги, пачалихъалъеги пайдаяйлъун йикIине бажарилилан. Буго гьениб цо гIажаибаб, ракI тIаде цIалеб, бицун бажарулареб! Чиясул кигIан тIадегIанал гIумрудул мурадал ругониги, гьедигIан тIадегIанаб букIуна гIумруги!

Дие рищиял лъугьана, букIине бегьулелде нух бихьизабулеб, пайдаяб хIалбихьилъун. Гали тIамилебдай, тIамиларебдайилан васвасдилел ругезда дица абила – тIамейилан! Щулаго галиги тIамун, бажарараб щинаб гьабе, гьеб мехалъ Аллагьасги кумек гьабула.



Хамис Шамилова,
бетIерай редактор



Шагьризат
Тахнаева

Творчество ккола рекIелъ бугеб загьир гьабизе нух!

МахщелтIокIай художник, мугIалим, тIолгороссиялъул ва халкъаздагьоркьосел проектазул гIахъалчIужу Шагьри (Шагьризат) Ъахнаевалъул «Замана ва бакI» абураб персоналияб цебелъей (выставка) тIобитIана июлалда, некIсияб Нарын-Хъалаялда жаниб, Дербенталда. Гьединабго цебелъей августалда тIобитIана Хунзахъ Ъалъиялда бугеб Расул ХIамзатовасул «ХъахIал къункъраби» мемориалияб комплексалдаги. Гьел церелъеяз данде гьаруна искусство бокьулел, гьелъие къимат кьезе лъалел гIемерал гIадамал.

Машгьурав жамгIияв хIаракатчи, доктор МухIамад ГIабдулхабировас хас гьабун нилъер журналалъе художникалъулгун гьелъул творческияб нухлул, гьанжезаманалъул исскуствоялъул ва педагогикияб хIалбихьиялъул хIакъалъулъ гара-чIвари гьабуна.

– Суратал рахъиялде рокьи кидал дулъ загьирлъараб? Бице дурго эбел-инсул хIакъалъулъ, рукIанищ дур художникал-мугIалимзаби?

– Кинабго байбихьана лъимерлъудаго. Гьенисанлъидал нилъер гIумруялде, берцинлъиялде, гIадамазулгун гьоркьорлъабазде бербалагьи бижулеб. Дир талихI ккана интеллигентияб хъизаналда гьаюн яти. Инсул букIана кIиго университеталъулаб лъай, лъалаан музыкалиял алатазда бакънал рачинеги. Гьей вукIана партиялъул хIалтIухъан ва гIасруялъул ункъилбутIаялъ бечедаб ГIумар ЧIохъиясул цIаралда бугеб колхозалъул нухмалъулевлъун.

Эбел 42 соналъ школалда мугIалимлъун хIалтIана. Гьелъул букIана цIакъ берцинаб гьаракь. Инсуца мандолинаялда бакъналги бачун, гьалбадерие цо-цо кечIги ахIулаан гьелъ. Гьалбал камураб къо нижер букIунароан. Риидал ниж цIакъго ралагьун чIун рукIунаан Ленинградалдаса Фёдор ва Татьяна Левицкиязул хъизаналъухъ. Гьев – физик-ядерщик, гьей – химик! Гьез, сайгъатал рачIун, гогьдаризарулаан ниж. Ва гьитIинай дие кIудияб гIажаиблъилъун лъугьана цо цIулал гьабураб жоги гъажалда бан (дида доб мехалъ гьеб мольберт букIин лъалароан) радал арав гьев, къаси, дида лъалел мугIрул, гьитIинаб хIор ва росдал гьитIинабго авал бахъараб суратгун, тIадвуссин. Гьеб къоялъ бижана дилъ художниклъун яхъине анищ!

Школаги лъугIун вузалде лъугьиналъул суал баккидал, эбелалъ хIукму гьабуна, ДГПУялъул художествиябгун графикаялъул факультеталдаса филологиябго лъикIаб букIинилан. Амма, кий цIалулей ва хIалтIулей йигониги, дун кидаго къалмица суратал рахъулей йикIунаан. Заманалдасан краскабазде (акварель, гуашь) яна, ахирисел соназ акрилалъ рахъулел руго ххамида (холст). Аслияб къагIидаялъ дица бахъула дагъистаналъул тIабигIат, миллияб ретIел, гIаламатал.

– Мун йиго гIемераб хIалбихьиги бугей, гIемерал школазда хIалтIарай, гьездаго гьоркьоб Мария Монтессорил къагIида хIалтIизабулел цIалул





идарабаздаги хIалтIарай мугIалим. Кин хIалтIулеб бугеб гьелъул система Дагъистаналда?

У, дие талихI ккана, Мария Монтессорил хасаб къагIидаги хIалтIизабун, дагъистаналъул лъималгун хIалтIизе рес щвей. Хасго дие бокьана лъимал школалде хIадурулеб къагIида. Лъималаз материал цIакъ хехго, кIиго моцIида жаниб лъазабуна, цIализеги хъвазеги байбихьана. Монтессорил къагIидаялда, эркенаб хIаялъул кумекалдалъун, лъимал жалго жидедаго чIун лъаялда хадур лъугьине ккола. Лъималаз жидецаго тIаса бищула тема ва хIаялъул бакI. Гьезие рес кьола гъалатIал риччазе, мугIалимас хIеренго хIаялъул кумекалдалъун битIараб нух бихьизабула, гьев лъугьуна цIалдохъанасе кумекчилъун, гьудуллъун, насихатчилъун. Амма гьелдаго цадахъ руго киназего гIаммал шартIалги: рацIцIа-ракъалъи цIуни, чIахIиязул, къокъаялъул гIахьалчагIазул, гьудулзабазул адабхIурмат гьаби.

Классазда ругел лъимал рикьула зонабазде. Масала, математикаялъул зоналъ лъималазе тIоцебесеб рикIкIеналъул бичIчIи кьола ва формабигун, кьералгун, къадаралгун гьел хIалтIизе хIаял гьарула. Каламалъул зонаялъ маргьабазул героязул кумекалдалъун, хIарпаздалъун ва гьаркьаздалъун гьарулел хIаяздалъун, цIализе ва хъвазе малъула. Гьелъ кумек гьабула лъималазул цIех-рех гьабизе бажари цебетIезабизе.

– Мун йиго 1724 соналъ Россиялда гIуцIараб къадруяб Петровск гIелма-базулгун искусствоялъул академиялъул член. Щиб гьелъ дуе къураб?

– Петровскиясул цIаралда бугеб академиялда ва цогидал творческиял цолъабазда гъорлъ йикIиналъ рес кьола выставкаби тIоритIизе батIи-батIиял бакIал тIаса рищизе ва, узухъда, рес кьола творческиял гIадамазулгун бухьен гьабизе.

– Дур чанго цебелъей букIана. Дагъистаналда тIоритIулищ дуца цебелъеял?

– Дир чанго персоналияб цебелъей букIана Москваялда, гьединго дун гIахьаллъана 25 гIаммал выставкабазда. Исана июлалда Дербенталда, августалда Хунзахъ тIоритIана дир цебелъеял, октябралда СШАялдаги букIина Бичас биччани.

– Гьунар бугел дагъистаниял художникал гIемерал руго. Бокьилаан Дагъистаналда гьанжесеб заманалъул искусствоялъул музей бихьизе. Бихьиладай?

– Дида гIемерал лъала дагъистаниял художникал, масала Аладдин Гьарунов. Гьесул хIалтIаби рихьизе бегьула Россиялъулги къватIисел улкабазулги гIемерал музеязда, гьединго гьел руго хасал чагIазул коллекцияздаги. Гьев ккола жиндир ватIаналда къимат кьечIев, цо-





гидазда релълъинчIеб махщел бугев художник ва скульптор (гьединаб къисмат буго цоги гIемерал Дагъистаналъул художниказул). Гьаруновас гIемер бицуна республикаялда гьанжесеб искусствоялъул музей рагьизе ккеялъул. ХIатта нижеца гьеб гьоркьоб лъуна хIукуматалъул даражаялда, амма гьанжелъагIан, щибго пайда ккечIо.

– Мун йиго гIемерал къадруял гIадамал жаниб рижараб цIаррагIараб ЧIохъ росулъа. Щай тарихалъул, искусствоялъул, архитектураялъул музей ЧIохъ гIуцIизе бегьулареб?

– Гьеб цIакъ лъикIаб пикру буго ЧIохъ патриоталгун дандбазе!

– Дур педагогалъул ва художникалъул гьунар буго. Бокьилищ гьунар бугел лъималазе нужерго школа гIуцIцIизе? ЧIохъиязги гIуцIцIичIони, гьеб лъица гIуцIцIилеб?

– МугIалимлъун йикIаго дир анищ букIана гьунар бугел лъималазе лъай кьеялъул центр рагьизе. Дида бичIчIула ва цебечIезабизе кIола гьеб кин тIубазабизе бегьулебали. Гьелъие къваригIуна гIицIго замана, гъира ва рес.

– ГьитIинаб къоялдасаго лъималазул гьунар тIатинабиялъе ва цебетIезабиялъе кинаб малъа-хъвай дуца кьелеб эбел-инсуе ва мугIалимзабазе?

ТIоцебесеб иргаялда эбел-инсуе малъа-хъваял: лъимал рокьа, гьезие жидерго пикру загьир гьабизе рес кье, гьелдаго цадахъ хIеренго нух бихьизабе, хасго гьитIинал лъималазда. Гьелъ кумек гьабила лъимералъе гьоркьохъеб школалде лъугьинегIан битIараб тIасабищи гьабизе.

Пагьмуялъул гIаламатал тIатинаризе ккани, къваригIуна экспертияб бербалагьи, эбел-эмен, тарбиячагIи, бакъназул, физкультураялъул, математикаялъул мугIалимзаби ва цогидалги махщелчагIи гIахьал гьарун. Щибаб лъимер хасаб букIиналъ, гьунар тIатинабиялъул цо къагIида гьечIо. Школазда хIалтIизарула тестазул ва хьвада-чIвадиялъул хал гьабиялъул гIадал къагIидаби. Пагьму тIатинабизе ккола, эбел-инсул ва учительзабазул амбициял церетIезаризе гуреб, лъимералъе пайдаялъе. Лъималазул букIине ккола талихIаб лъимерлъи. Пагьму бугел лъимал гIемерал рукIуна, амма гениялълъун дагьал гурони рахъунаро.

– Дуе гIумруялъулъ къиматаблъун щиб кколеб?

– Живопись лъугьана дие гIумруялъул магIналъун! Гьелъ дие рухI кьола, анищазде гIагарлъизе къуват кьола. Дица рикIкIуна щивав чи цогидазда релълъинчIев, гьунар бугев вугилан. Дир аслияб девиз ккола: «Дуе щиб букIаниги къваригIун батани ва гьеб лъикI гьабизе бокьун батани, дуцаго гьабе!»



Герои гражданской войны, трудящиеся, потерявшие трудоспособность, рабочие, колхозники заходят в небольшой кабинет товарища Розы Магомаевой, народного комиссара социального обеспечения Дагестанской республики. Их встречают приветливая улыбка, продуманный совет, посильная помощь. Ее прошлое?

Беднячка-горянка, долгие годы батрачка, от безысходной нужды ушедшая в город. Тяжелая доля прачки, уборщицы. Затем — совпартшкола, рабфак, партийная работа...

Таков путь советской женщины-горянки Розы Магомаевой, батрачки из аула Гогатль, Ботлихского района, первой женщины-нар-

МагIарулай – нарком

Мискинаб магIарулазул хъизаналда гьаюрай, гьитIинго гIемераб къо бихьарай яс, 14 сон бараб мехалъ хъамизеги хъамула. Амма гьелъухъа бажарула къисматгун къеркьезе. Эбсират ХIасановна МахIамаева – тIоцеесей магIарулай – нарком! ГIумруялда чIвалеб бугеб цIильъиялъул хIурматалда, машгьурай революционер Роза Люксембургил цIар босула гьелъ жиндиего.

1900 сон. ГIанди округалъул Гъагъалъ росу. ГIемерал лъимал ругеб мискинаб хъизаналда гьаюла Дагъистаналъул тарихалда лъалкI тезе бугей яс. Амма гьелде щвезегIан гьелъ къулчIизе ккола гIемераб захIмалъи ва къварилъи.

Гьелъул эмен вукIуна Гъагъалъ росдал вехь, эбел – бакълъулазул Сивухъа бахъун хIалтIи гьабулей гIадан. Гьеб хIалтIул захIмалъи гьитIинго ясалдаги лъала. Вокьулев чи дандчIвазе ва талихIаб гIумру гIуцIцIизе букIараб анищ хIорлъула: 14 сон барай гьей хъамула ва, гьанже лъие мун къваригIун йигейилан, гьесие кьола. ХIехьезе кIоларев росасдаса гьей чанцIулго тIурула, амма нахъюссинаюла. Ахирги инсуца рокъое ячуна.

1918 сон лъугьуна гьезул хъизаналъе бищунго къваридаблъун: хола эбел, эмен ва вац. Эбсират хIалтIилей йикIуна Болъихъ букIараб лъималазул рокъой тарбиячIужулъун, рацIцIалъи гьабулей ва цIарагI чурулей чIужулъун. Хадуй гьей заготконтораялде лъугьуна хIалтIизе. Гьенив дандчIвала къисматлъун лъугьарав чи. Гьев вукIуна хIурмат тIадегIанав багIарав партизан, революционер ГIандиса Къурбан – ункъо рагъул гIахьаллчи, лъабго Геогиясул хъанчил бетIергьан, Хъара Хъараевасул рекIаразул полкалда хъулухъ гьабулев чи. КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьидал 56 сон барав гьев уна рагъде. Щола БагIараб цIва ва БагIараб байрахъ орденал ва гIемерал медалал. 1954 соналъ, машинаялъ авария гьабун, къадаралде щола.

Совет хIукуматалъ рагъула магIарул руччабазе цIализе ва жидерго гIумрудул нух батизе ихтияр. Гьезие бигьаго букIунаро бецIал гIадатазда данде къеркьезе. Розаги уна гьеб нухдасан. 1922 соналъ гьей хIалтIулей йикIуна Темир-Хан-Шура артелалда. ЦIали гьечIолъиялъухъ балагьичIого, гьей тIамула артелалда инструкторлъун. Гьелъ ясазда гIандисезул буртина бугIизе малъулеб букIуна.

Розал хIаракатчилъиги бихьун, 1923 соналъ гьей дагъистаналъул партиялъул школалде цIализе йитIула, партиялдеги йосула. Гьелъул насихIатчагIилъун рукIуна коммунистал Катя Дагъаева ва гьелъул бетIергьанчи Муса Кундухов. Гьезда бихьула гьелъулъ гIуцIцIарухъанлъиялъул махщелги букIин. Розаца кидаго баркалаялдалъун ракIалде щвезарулаан гьел.

Республика тун къватIие цIализе унезул тIоцересезда гьоркьойги йикIана Роза. 1924 соналъул февралалъ гьей йитIула Ростовалде рабфакалде ва йосула хIадурлъиялъул группаялде. Бакуялда нарт бахъулеб бакIалда хIалтIулев вукIарав вацасги: «Лъихъго гIенеккичIого, цIале!» – йилан абула гьелда ва жинцаго щвезаюла Ростовалде. Общежитиялда бакIги кьола. ЗахIматал лахIзатазда гьелда аскIой йикIуна бакIалъул женотделалъул нухмалъулей Фаина Вишнякова. Лъабго соналъги бащдалъги цIалула Роза гьений. 1928 соналъ, хъизаналъул ахIвал-хIалалда бан, цIалиги лъугIичIого тIадюссуна гьей рокъое.

Амма гьеб ахIвал-хIалалъ Роза чIезаюларо. Жуяла партиялъул хIалтIулъе. Роза ХIасановна тIамула ЦIумада ва Болъихъ районазда райком партиялъул инструкторлъун, женотделалъул нухмалъулейлъун. Гьел хъулхъазда йикIаго гьелъ кIудияб хIалти гьабула бецIал гIадатазде данде къеркьеялъе, малъула, бицуна руччабазе жидерго ихтияразул, гIолохъанал ясал ритIула цIализе.

«Лъелгоги рекIунги рикIкIадал росабалъе хьвадун, сабуралда гIенеккула Роза МахIамаева щибай чIужугIаданалъухъ, рицуна Совет хIукуматалъ гьезие кьурал ихтияразул. Чанги ракI лъукъулел, кьогIал рагIабиги рагIана гьелда, гьелъул жамгIияб хIалтIулъ рогьо бихьулел, бецIал магIарулаздаса. Амма Роза къуркьичIо, гьей щулаго божулей йикIана партиялъул политикаялда ва жинца гьабулеб хIалтIи пайдаяб букIиналда. Гьелъул хIарака-



Дагъженсоветалъул актив. 1930 с.

талдалъун росабалъ изба-читальняби рагьулел рукIана, руччабазда цIализе-хъвазе малъулеб букIана» – ян хъвалеб буго тарихчи Г. А. Сергеевас, жинцаго 1957 соналъ Болъихъ районалде гьабураб сапаралда хъваралдаса босун, «Кавказский этнографический сборник» (Москва, 1969) абураб тIехьалда. Гьебго тIохьода хъван буго гьел соназ Болъихъ районалда 32 чIужугIадан чIванила цIияб гIумруялъул тушбабаз.

Розаца хIадурана, 1935 соналъ МахIачхъалаялда тIобитIараб, Дагъистаналъул гIолохъанал руччабазул съездалде делегатал. Гьезда гьоркьоб жийгоги – доб заманаялъ нарком соцобеспечения ДАССР – йикIана. Гьелъ жинцаго махсароде жиндаго «наркомсобес» – илан абулаан.

ТIолгодагъистаналъул гIолохъанал руччабазул съездалъул материалазда Розал цIар: «Нилъер мухъилъ съездалъул делегатлъун йиго Роза МахIамаева – Дагъистаналъул халкъияй комиссар», – илан хъван буго тIоцебе.

Съездалъул делегатазул сияхIалда рукIана: тIоцеесей летчица Бавер Джафарова, комсомолалъул цеехъан Хадижат Кабидова, техник-строитель Рая Донская, актриса Барият Мурадова гIадинал мугIрул ясазул цIарал.

Розал хIаракаталдалъун Дагъистаналда тIоцебе рагьана инвалидал-лъималазе рукъ, беццал лъималазе школаби. Гьелъ хIалтIи отчетазе гьабулеб букIинчIо, гIадамазул гIумруялъе ва хIалтIуе бигьалъабазе квербакъиялъе гьабулеб букIана. Гьелда цIакъ лъикI лъалаан рес гьечIолъи щибали. I938 соналъ Роза йищана республикаялъул Верховный Советалде депутатлъун ва Верховный Советалъул президиумалъул председателясул заместительлъун.

КIудияб ВатIанияб рагъул заманаялъ аза-азар мугIрул руччаби россабазул ва вацазул бакIалда тылалда хIалтIана, бихьиназул махщелал лъазаруна, ярагъ ва кьвагьул алатал гьаруна, лъукъаразул тIалаб гьабуна. Гьеб хIалтIи гIуцIцIиялъулъги



Дагъистаналъул соцобеспечениялъул данделъиялдаса хадуб. 14.06.1938 с.

бищун цее йикIана Роза ХIасановна. Гьей йикIана, дагъистанияз бакIарараб гIарцудалъун, Имам Шамилил цIаралда бугеб танказул колонна, гьединго Совет Союзалъул БахIарзал МухIамад ХIажиевасул ва Валентин Эмировасул цIаралда авиациялъул эскадронал гIуцIцIиялъул инициаторазул цояй. Фронталъе кумек бакIарулеб республикаялъул комиссиялъул член хIисабалда, хинаб ретIел, гIарац, посылкаби, сайгъатал ва кагъталгун, гьей чанго нухалъ щвана фронталде. Ростов областалда гьей щвана Хъара Хъараевасул эскадрильяялъул рагъухъабазухъе, кигIан йохарай гьей росуцояв Маматхан КъурамухIамадовгун гьений дандчIвайдал.

Роза ХIасановнаялъ рагъухъабазе кумекалъул фондалъе кьуна 44 азаргo гъурущ. 1944 соналъул апрелалда гьелъие рагъулав командующий И.В. Сталинил баркалаги щвана.

ВатIаналъе гьабураб хъулухъалъухъ Роза МахIамаевалъе кьуна республикаялъул ва пачалихъалъул нухмалъиялъул хIурматиял грамотаби, гьединго «За доблестный труд в период Великой Отечественной войны 1941-1945 годов», «За оборону Кавказа», «За трудовую доблесть» медалал.

Ахирал соназ Розаца гIумру гьабун йикIана Хасавюрталда, жамгIияб хIалтIиги гьелъ рехон тун букIинчIо. Гьей нилъедаса ятIалъана 1976 соналъ ва юкъун йиго Хасавюрт районалъул Сивухъ росдал хабалалъ.

Гьей чIужугIаданалъул къисмат ккола, киданиги рес къотIичIого, нилъерго мурадазе ва анищазе гIоло къеркьезе ккеялъе мисаллъун ва совет хIукуматалъ цIализе, хIалтIизе, жамгIияб гIумруялъулъ гIахьаллъи гьабизе, жиндирго ракI бараб махщел цIубазабизе ихтиярги кьун, аза-азар чIужугIаданалъул гIумру лъикIалде хисизабиялъе нугIлъун.

ХIадур гьабуна
Гульнара Асадулаевалъ



Людмила Саидова

Гьанже гуреб батани, кидал?

Людмила Саидовалда гIолохъанаб мехалдаго бичIчIана: инсан жиндаго божизе ккола ва иш гьабизе лъугьине кккола. Жакъа нилъер героялъ нухмалъи гьабулеб буго 2022 соналда букIинесеб гIел жалго цIеретIеялъе ва заманалъул масъалабазде хIадур гьабиялъе гIуцIараб тIолгороссилъулаб лъималазул ва гIолилазул «Движение первых» багъа-бачариялъул регионалияб бутIаялъе. «МагIарулай» журналалъе къураб интервьюялда гьелъ бицана месед-гIарцул хIалтIи гьабиялъул, ЮНИСЕФалда хIалтIиялъул, пионерлъун йосичIей октябренокалъул щиб ккарабали. Людмила Саидовалда гIолохъанаб мехалдаго бичIчIана: инсан жиндаго божизе ккола ва иш гьабизе лъугьине кккола. Жакъа нилъер героялъ нухмалъи гьабулеб буго 2022 соналда букIинесеб гIел жалго цIеретIеялъе ва заманалъул масъалабазде хIадур гьабиялъе гIуцIараб тIолгороссилъулаб лъималазул ва гIолилазул «Движение первых» багъа-бачариялъул регионалияб бутIаялъе.
«МагIарулай» журналалъе къураб интервьюялда гьелъ бицана месед-гIарцул хIалтIи гьабиялъул, ЮНИСЕФалда хIалтIиялъул, пионерлъун йосичIей октябренокалъул щиб ккарабали.

– Людмила Владимировна, рачIа кьучIдасан байбихъилин. Бице дурго кьалбазул. Ругищ гьел Дагъистаналда хурхарал?

– Дун йиго ункъабилеб гIелалъул дагъистанияй. Дир кIодоэбелалъул эбелги гьаюна Дагъистаналда. Гьединлъидал дир цIакъ ццин бахъуна, мун киса ячIарайилан дида риидалил заманаялъ гьикъараб мехалъ. Дун гьаюна МахIачхъалаялда. Дир эбелги гьаюна МахIачхъалаялда. Эмен гьавуна Хьаргаби росулъ, гьев гIурусав вуго.

Дир советияб лъимерлъи букIана лъугьа-бахъинал гIемераб. Нижеца хIана резинкаби, хIанчIикIалал ва азбаралъул батIи-батIиял хIаял. Дун гIуна творческияб рахъалъги: дун хьвадана миллиял кьурдузул секциялде, цIалана музыкалияб школалда фортепианоялъул классалда, спортги гьоркьоб биччачIо. Дие бокьун букIана кинабго рахъалъ цеетIезе, амма гьезул гIемерисел рехун тезе ккана, киего хьвадизе захIмат букIиналъ. Нижер хъизаналъ гIодобе биччараб гIумру гьабулеб букIана: эмен вукIана шоферлъун, эбел йикIана учительлъун. Дун кьурдизе хьвадулаан лъелго, рокъоб рояль букIинчIолъиялъ, дир школалдаса хадубги бакъанал рачине рес букIинчIо. Амма дун гIахьаллъулаан школалъул къецазда, цее яхъунаан шагьаралъул тадбиразда, КВНалъул командаялъул гIахьалчIужулъунги йикIана. Школалда цIалулей йикIаго дун цее яхъана Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб университеталъул студенталгун цадахъ 2000 соналда Нальчикалда тIобитIараб «Русская студентская весна» абураб тадбиралда.

– Кинаб школалда мун цIаларай?

– МахIачхъалаялъул А.С. Пушкинил цIаралда бугеб 5-абилеб лицей – гIажаибаб цIалул идараялда. Нижеца психология лъазабулаан ичIабилеб классалдаса байбихьун. ГIажаиблъизе ккараб жо, лицей лъугIидал ювелирияб дизайналъул диплом щвана дие. Нижер рес букIана бухгалтерия, яги ювелирияб техника тIаса бищизе. Дица гьабураб тIоцебесеб тIагIел букIана кулон, хадуб баргъич ва дир ахирияб проект – рачел.

– Школалдаса хадуб мун цIализе кие арай?

– Дагъистаналъул пачалихъияб университеталда социалияб факультеталде. Ювелирияб хIалтIиги дица рехон тана. Дида гьеб бихьиназул хIалтIи бугилан кколеб букIана.

Социалияб факультет дир школалда дандбитIун ва дир рукъалдаса рикIкIад гьечIеб бакIалда букIана. Дида лъаларoан гьенибе цо бакIалде 8 чи вугеб конкурс букIин. ГIемерисезе юристаллъун ва экономисталлъун рахъине бокьараб гьеб заманаялъ, дица гьеб тIаса бищана. Ва дица гьениб бана щуго гIажаибаб сон.

– ЦIалулеб мехалъ щиб гьабулеб букIараб нужеца?

– ТIоцебесеб курсалдаса нахъе нижер стажировкаби рукIана социалиял идарабазде. Гьединго дун щибаб риидал лагералда тарбиячIужулъун хIалтIулаан: цин «Костёр» лагералда, хадуб Гъаякент районалъул «Волна» лагералда. Россиялъул гIолилазул союзалъул нухмалъиялда нижер лъугьана кIудияб мугIалимзабазул къокъа, хIатта Анапаялдецин щвана ниж. Хадуб, ункъабилеб курсалда цIалулеб мехалда, дун ахIана лагералъул психологлъун хIалтIизе.

Университеталдаса хадуб щуго соналъ дун хIалтIана 42-леб прогимназиялда социалияй хIалтIухъанлъун, лъималазда цадахъ хIалтIиги, тренингалги – гьеб дие бищун бокьулеб хIалтIи буго.

Гьебго заманалда дун лъугьана ЮНИСЕФалъул рекъел цIуниялъул лъай кьеялъул рахъалъ тренеразул къокъаялде. Гьеб букIана чачаназул лъугьа-бахъиназдаса хадуб заман. ТIалаб букIана гIурусги чачанайги йикIин, гьединлъидал дун чачанай Мархагун ункъго соналъ цадахъ хIалтIана. Ниж тренингазул программагун тIолабго Кавказалда хьвадана. Дида ккола гьеб цIакъ кIвар бугеб хIалтIи букIанин: хIаяздалъун нижеца гара-чIвари гьабулеб букIана лъималазулгун. гьабуна стереотипазул, цебехун лъурал пикрабазул, дискриминациялъул хIакъалъулъ. Ниж хIалуцарал диниял темабазда хъваларoан, амма жалго лъималаз байбихьулаан дунял батIи-батIияб букIиналъул бицине, гьеб битIарабги буго.

– Хадуб щиб ккараб?

– Программа лъугIараб мехалъ бичIчIана дида дидаго тIад хIалтIизе кколейлъи. Дун страхование гьабулеб компаниялде хIалтIизе ана, амма моцIгун бащдаб заманаялъ гурони хIалтIичIо. Дие гIадамазулгун чIагояб хурхен къваригIун букIана. Цинги дица ахIана дирго насихатчIужу (2010 соналдаса 2013 соналде щвезегIан гIолилазул ишазул министрасул зам. – Ред.) Муслимат ХIалимбековна ХIалимбековалде, цо хIалтIул хIакъалъулъ цIехезе. Лъималазул жамгIиял гIуцIцIабазул идараялде мониторингазул бутIаялъул нухмалъулей хIисабалда тIамуна. ЛъагIелалдасан дун лъугьана гьеб идараялъул нухмалъулейлъун, хадуб нижеца рагьана волонтеразул инициативаби церетIезариялъул центр. Нижеца гIолилал цолъизаруна социалиял проектазда сверухъ: экологиялда, би кьейалда, къватIазда акциязда. РакIалда буго гIолохъаби рохьоре унеб заман, нижеца хIаракат бахъулаан гьезул кIвар батIияб хIалтIуде буссинабизе: гъутIби чIезе, къварилъиялда ругезе кумек гьабизе. Ниж цIакъго гIодобегIанаб бюджеталда рукIаниги, хIалтIуда хутIана гIолилал церетIезариялъе гIарац бергьинелъун форумазе проектал хъван.

– Кин мун ккарай «Движение первых» багъа-бачиялде гъорлъе?

– Дица дирго миссиялъун рикIкIунеб бухьараб буго дирго цебесеб гIумруялдаса тIубачIеб анищалда. Дун 1991 соналъ йосана октябреноклъун, пионерлъун яхъине заман щвараб мехалъ гьеб букIинчIо. Пионеразул лагералги рукIинчIо. Гьеб букIана дие захIмалъун. Дие бокьун букIана гьеб багъ-бачари цIилъизабизе.

2016 соналъул 28 марталда дун гIахьаллъана Москваялда, МГПУ-ялда тIобитIараб Россиялъул школлъималазул багъа-бачари гIуцIиялъул данделъиялда. Дун тана гьелъул координаторлъун Дагъистаналда. «Движение первых» гIуцIи-

зе пикру баккараб мехалда, тIоцебе, дирго гIемерал гьалмагъзабиго гIадин, дунги гьеб щибизе къваригIараб гIуцIцIийилан йикIана. Амма хадуб бичIчIана дида гьеб букIине бегьулелъул бищунго лъикIаб гIуцIцIи букIин. ХIасил калам, цебесеб гIуцIи гIемерисезда бихьулеб букIана цоцаздаса батIа гьабураблъун, ва киналго министерлъабаз, идарабаз ва цогидал къокъаабаз хIукму гьабуна цIияб гIуцIцIиялда сверухъ цолъизе.

ГьабсагIаталда дир бугеб хъулухъалъул бицани, кандидатураби рихьизариялъул процесс кьварун низамалде босун букIуна: багъа-бачариялъул нухмалъулесул хъулухъалде кандидат вихьизавизе ккола ГIолилазул министерлъиялъги Лъайкьеялъул министерлъиялъги цадахъ рекъон, гьелдаса хадуб гьеб тасдикъ гьабизе ккола регионалъул бетIерас. Дир кандидатура кIиябго идараялъ бихьизабуна, Сергей Алимович Меликовасул квербакъиги щвана, гьединго Федералияб централъги тасдикъ гьабуна, Россиялъул школлъималазул багъа-бачари Дагъистаналда гIумруялде бахъинабиялъулъ дир бугеб кIудияб хIалбихьиги хIисабалде босун.

– Нужер гIуцIиялъул аслиял мурадал кинал ругел?

– «Движение первых» багъа-бачариялъул миссия ккола: «Россиялда цадахъ вукIин, инсанлъун вукIин, цадахъ вукIин, хIаракаталда вукIин, тIоцевесевлъун вукIин». Гьеб ккола цолъизабулеб пикру. Нижеца хIаракат бахъула 6 соналдаса 25 соналде щвезегIан лъималазул ва гIолилазул цебетIеялъе шартIал чIезаризе ва лъимералда сверухъ киналго структураби цолъизаризе. Нижее бокьун буго спорт, туризм, маданият ва лъайкьеялъул рахъал цоцада рухьинарулеб гарацIлъун лъугьине.

Гьеб багъа-бачариялда хIалтIулел руго гIицIго профессионалал. Нижер проектал цо къоялъул иш гуро; гьел лъагIелалъго хIалтIула, ва нижеда лъазе ккола кинабго: закупкабазул къагIидабаздаса байбихьун сценарий гIуцIиялде ва хIукму къотIиялъул принципазде щвезегIан.

– Лъица гьел проектал ургъулел?

– Руго федералиял проектал – гьел гIумруялде рахъинарулел руго киналго 89 регионалъ. Руго регионалиялги. Нилъеца ургъараб ва цебе лъураб проекталъул кIвар бихьани, гьеб лъугьине бегьула федералияб проектлъунги. Масала, нижер «Хъизаналъул команда» абураб спортивияб проект. Нижеца гьеб гъоркьисала гIумруялде бахъинабуна, машгьурлъана, федералияб даражаялда къабул гьабуна. Гьеб ккола тIолабго хъизаналъе Олимпиялъул хIаял гIадаб жо – гIолохъаназдаса байбихьун херазде щвезегIан.

– Регионазда гьоркьоб кинаб бакIалда бугеб Дагъистан?

– Нижер гIаммаб рейтинг гьечIо, регионал ращад гьечIо площадалъул, гIарцул, инфраструктураялъул ва гь.ц. рахъалъ ращад гьечIелъул. Амма гъоркьисала нижер председателас тIадчIей гьабуна багъа-бачариялъулъ тIоцересел Io лидеразул кьерда Дагъистан букIиналда! Гьеб ккола кIудияб чIухIи.

– ЗахIматаб бугищ багъа-бачариялъе нухмалъи гьабиги хъизанги цадахъ цебе бачине?

– Гьеб гIезегIан захIматаб иш ккола. Дун йиго лъабго ясалъул эбел. Гьезул тIубанго батIи-батIиял хасиятал руго. ХIалтIудаса кватIун рокъое щведал, цадахъ заман базе гIемераб рес хутIуларо. Дица хIаракат бахъула гьезул телефон хIалтIизабиялъул гIурхъи чIезабизе ва гьезул цогидал лъималазулгун лъай-хъвай гIатIид гьабизе. Гьединлъидал ясал риидал лагералде ритIула.

– Эбел-инсуе кинаб малъа-хъвай дуца гьабилеб?

– Лъималазухъ гIенеккиги, гьел гаргалел ргIиги батIи-батIияб жо ккола. ГIенекки ккола гьел ричIчIи. ГIенекки ккола анализ гьаби, кумек гьаби ва нух бихьизаби. Бищунго аслияб – зарал гьабичIого. Цо-цо мехалъ дуе бокьараб лъимералъеги бокьараб букIунаро.

Гара-чIвари гьабуна
Аида Бабаевалъ



Кумсият
ГIалиева

«Дица дирго халкъ ахиралде щвезегIан цIунила...»

КигIан захIмат букIунеб СВОялдаса васал тIадруссинчIел эбел-инсул-гун гара-чIвари гьабулаго, гьезул ракIбатулел рагIаби ратизе. ЦохIого цо вукIарав вас камурал Абакар ГIалиевасул эбел-эмен къвакIун чIезе хIа-ракат бахъулел руго. Хасго эбел. ЗагIипай, хIалакъай, гIемер гIодун магIу бакъварай гьей, гIумру гьабизе рухIкьолеб, загIипабго баланс кквезелъун гIадин, цIакъ гIодое йиччан ва хIисабалда кIалъалей йиго.

– Нижер буго гIадатияб хъизан, – илан байбихьана Кумсият АбутIалибовналъ. – Абакар гIуна нижер гьитIинабго Ванашимахи росулъ ва ругьунлъана гIагараб ракь бокьизе. Гьанисан ана гьев гьелъие гIоло вагъизе. Кинавха гьев вукIарав? Малъараб гьабулев, эбел-инсуде ва яцаздехун кIвар бугев, загIипал цIунизе, захIмалъиялда ругезе кумек гьабизе хIадурав. Дицаги инсуцаги гьесда гьеб хас гьабун малъичIо, амма нижеца хIаракат бахъулаан мисалияллъун рукIине...

Дицаги МухIамадицаги цадахъ кIикъогогIан сон бана. Гьев вуго рикIкIадаб манзилалда юк баччулел машинабазул шофер (дальнобойщик), гьанжеги хIалтIулев вуго. Гьесие бокьун гьечIо, захIматаб букIаниги, хIалтIи рехун тезе – сунде бугониги вуссун вугеб мехалъ цодагьаб рекIее бигьалъи букIунилан абула гьес, букIаниги цIакъ ракIбакъванги вукIуна. Нижерго къварилъи бихьизе биччаларого рукIунаха ниж...

Хасго захIмат букIуна бакъ тIерхьунеб гIужалъ – дун гьелдаса бищунго хIинкъула. Гьеб мехалъ унти дир тIолабго черхалда тIибитIула, гьабизе кIолеб жоги букIунаро. МухIамад къвакIарав чи вуго, амма дида лъала: гьесул къандалъоги бихьиназул къанагIатаб магIуялъ биччизабун букIуна.

Нижер кIудияб анищ букIана васасе чIужу ячине. Гьев армиялда срочниклъун вукIана, хадув контрактниклъунги. Гьев велъулаан: «Жеги заман щвечIо, эбел. Дун тIадвуссиндал чIужуги ячина, лъималги рукIина, дунги кидаго нужеда аскIов вукIина...», – йилан. ЦIакъ ракIлъикIав вас вукIана.

ЦIализеги лъикIав вукIана. Киналго мугIрул васазего гIадин, гьесиеги спорт бокьулаан, гьудулзаби рокьулаан, тIабигIат бокьулаан. Радал вахъун, баккараб бакъудаса, эбелалъ бежараб панкъидаса вохулаан, хъизанго цадахъ кванда нахъа ракIаризе цIакъ бокьулаан.





Васасе бокьун букIана армиялде ине. Срочникасул хъулухъ гьес Краснодар областалъул, Старцево росулъ тIубана. РечIчIухълъугьун гьесие гIемерал кубокал, медалал, грамотаби щвана. Ва цо къоялъ нижехъе жиндие контракталда рекъон агъулаб хъулухъ гьабизе бокьун бугилан хъван бачIана васас.

– Гьесие рекIее гIуна рагъулаб хъулухъ, – ян бицана МухIамад Абакаровичас. – Гьев хIадурлъулев букIана рагъухъанлъун, командирлъун вахъине.

Абакарица контракталда рекъон хъулухъ гьабулеб букIана Новосибирскалда, лъабго соналда жаниб гIемераб рецц-бакъги щвана. Гьесда лъалеб букIана Хасаб операция хIадурулеб букIин ва 2022 соналъул октябралъ Томск областалъул Стрежевой шагьаралде рехана, гьениб гьев, «Лачен» позывнойги кьун, снайпер-разведчиклъун хIадурулев букIана. Кинабго бихьизе ва хIисабалде босизе бугеб махщелалъ, Абакар рикIкIунаан къиматав рагъухъанлъун. Гьес инсуда бицунаан снайперазул хIалтIул кIваралъул, рагъул ин хисизабизе бажарулин гьезухъайилан. Гьесдаги гьалмагъазабаздаги хадуб чIан гьабулеб букIана тушманас.

– ХIинкъун букIанищ гьевилан гьикъани, – ян абуна инсуца, – дир вас букIана къуватав, бахIарчияв рагъухъан, хIинкъи гьечIев нухмалъулев. Дида гьесул хIакъалъулъ гIемераб жо лъалаан. Дида лъалаан снайперасул гIумру, лъабго чиясдасан гIуцIараб командаялда хIалтIулаго – речIчIухъан (стрелок), рекъезабулев (корректировщик), рахчизарулев (прикрывающий), кидаго хIинкъиялда гъоркь букIунеблъи. Цо нухалъ тушманасде кьвагьизе ккани, сагIаталъ ишан босизе ккола гьез. Командир отделания Абакар ГIалиевасул нухмалъиялда гъоркь букIана 10 чи, гьелги киналго детдомалда гIурал лъимал букIана, нижер Абакар гьезие букIана вацлъун. Ниж васасухъе щведал, гьел киналго, эбел-эмен рачIарал гIадин, рохулаан, нижер ракIунтун букIунаан гьезда. Гьел киналго чIвана нижер васада цадахъ. Нижеда бихьулеб букIана кинаб хIинкъиялда гъоркь вас вугевали ва Аллагьасда гьарулеб букIана гьев цIунейилан. Амма Аллагьасул хъвай батIияб букIун буго.

– Самараялъул рагъулаб частIалъул 15-абилеб штурмовиказул мотострелковияб бригадаялде снайперлъун витIарав гьев захIматал шартIазда рагъулал масъалаби тIуразарулев ва бищунго хIасил кколев рагъухъанлъун рикIкIана. Амма дирги эбелалъулги хIалхьиялда кьижараб

цо сордо букIинчIо, – йилан бицана инсуца. – Щибаб сардилъ бахъараб телефоналъул гьаракь, гулла гIадин, щолаан нижер рекIелъ.

Дида ракIалда руго васас Бахмут (гьанже Артемовск) бахъизелъун гьарурал рагъул ракIалдещвеял рицунел – гьеб букIана бидулаб рагъ, тIолабго СВО-ялъул бищунго халатаб рагъазул цояб. «Вагнеразе» ва нилъер армиялъул рагъухъабазе бигьаго букIинчIо. ЦIадулъ бугеб шагьар тушманас бахъун бажаруларе хъалаялде сверизабун букIана. Шагьаралда рагъ гьабизе цIакъго захIмат букIуна: щибаб мина, тIала, квартира лъугьуна бахъун бажаруларе щулалъилъун.

– Ниж эмен цIунулелилан рукIана, – ян бицана яц Кумсиятица. – Гьесул ракIалда хIинкъун рукIана. Амма, гьевго гIадин, кинабго Бахмуталда лъугьунеб-бахъулелда хадур халккунги рукIана. ГIажаиблъи гьабулеб букIана, гIадатияб халкъалда гурхIел-рахIму гьабуларел, фашистазул вахIшилъиялда. Гьенире рехун рукIана тушманасул бищун къуватал аскIарал. Амма нилъеразул тIадецуй гьезда кквезе кIвечIо.

Эбелал-инсулгун бищунго захIматаб гара-чIвари букIана ДНРалда, Ясиноватая районалъул Бердычи росулъ ккарал лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ. Гьенив 2024 соналъул 2 марталда чIвана Абакар. ГIалиевазул хъизаналде рещтIараб кIудияб къварилъиялъ пашман гьабуна, гIагарлъи гуребги, росуцоял, лъалел-хъвалел, гьудул-гьалмагълъи. Эбелалъ ва инсуца гьеб къо ракIалде щвезабулеб буго жидерго къагъидаялъ, жидерго рекIел хIалги бахчизе хIаракат бахъулаго.

– Гьеб букIана вахIшияб рагъ. Нилъер васал щибаб метралъе гIоло рагъизе кколел рукIана, Бердычи эркен гьабулаго. Цинги ВСУ-ялъ гIуцIана къуватаб Бердычи-Семёновка-Орловка росабазул мухъалда щулалъи, нилъерал церехун риччачIого рукIине. Гьеб росу букIана ВСУялъе ярагъги къваригIарабги чIезабулеб аслияб нухда. Донбассалъул къокъаялъ гьеб кверде босиялъ кIудияб зарал гьабуна гьеб мухъалда хутIарал тушманасул къуватазе. Гьенир гIемерал Украиналъул рагъухъаби асир гьаруна ва яргъил къуватазе кIудиял камиял ккана. Россиялъул аскарияз, жидерго къадарги цIунун, цIиял бакIазде нух рагьана.

– Нижее, гьеб рагъда лъимал камурал дагъистаниязе, – ян абуна бахIарчиясул инсуца, – кIудияб кIвар бугеб жолъун ккола Хасаб рагъулаб операция ргIалде бахъинаби. Ва хIажалъи ккани, ниж, чIахIияб гIел, хIадурал руго ярагъ кодобе босизе, нижер лъимал хисизе ва фашизмалъе ахир лъезе. Бищунго захIматаб заманаялъ Абакарил гьудулзаби, ракьцоял, росуцоял рукIана нижер хъизаналда аскIор. Гьесул рагъулал гьудулзабаз ргIи кьуна тушманасдаса къисас босизе.

Эбел-инсуе вас, вас гуревги, ВатIаналда цебе жиндирго борч тIубазабурав рагъулав бахIарчи вуго. ГIалиевазул хъизаналъ цIунун руго васасул шапакъатал. Росулъ школалда цебе бахIарчиго хварал рагъухъабазул цIарал хъвараб мемориалияб хъарщи буго, бищунго лъикI цIалулел цIалдохъаби гIодор чIолеб, бахIарчи Абакар ГIалиевасе сайгъат гьабураб партаги буго. Гьесул цIар кьун буго росдал аслияб къватIалъеги.

Ванашимахиялъулаз рикIкIунеб буго: Хасаб рагъулаб операциялъул аскариязул къисмат буго хасаб операциялъул чIагояб документ ва щибав россиялъуласда гьеб лъан букIине кколилан. КIоченчIого букIине...

Амина ГIабдуллаева

Самира
Рамазанова



«Дица гьезие кечI ахIана, операция гьабулебгIан мехалъ»

Дагъистаналъул мединститутталда бищунго кечI ахIулей студенталъул къиса

Хучни росулъа ДГМА-ялъул студентка Самира Рамазановалъ 2026 соналъул апрелалда Россиялъул сахлъицIуниялъул хIалтIухъабазул профсоюзалъ гIуцIараб патриотикияб кочIол фестивалалда киналго асир гьаруна жиндирго кочIодалъун. Гьелъ ахIана «Россия-Кавказ» абураб кечI. Журналалъул мухбир дандчIвана Самирагун ва лъана гьелъул социалиял гьиназда кинаб видеоялъухъ бащдаб миллионалде гIагарун чияс балагьарабали; унтарасе операция гьабулеб мехалъ кечI ахIи кинаб букIунебали; ва кинаб квешаб: экзамен къечIого хутIийищ яги кечI ахIулаго гъалатI гьабийищ?

– Кин мун фестивалалъул гIахьалчагIазде гьорлъе ккарай?

– Медакадемиялъул профкомалъ гIахьаллъеян абуна, дидаги бегьулареб пикру гьечIин ккана. ТIоцебе кьварараб тIасарищи букIана – тIолабго Россиялдаса кьун букIана 170-ялдаса цIикIкIун гIарза. Конкурсалъе дица бахъана миллияб ретIелги ретIун акапелла ахIулеб видео. Запись битIун дагьаб мехалдасан дида лъана дун финалалда йикIин! Ккана къого тIоцересезда гьоркьое. Финал тIоритIулеб букIана Москваялда, Измайлово концертазул залалда. Дун гьезда гьоркьой ятана бищун гIолохъанай гIахьалчIужу.

– РакIалда бугищ дуда тIоцебе киб гьеб кечI рагIарабали?

– Рукъият ХIамзатовалъ ахIулеб гьеб кечI дида дандчIвана интернеталда. Ва гьелъ гьебсагIатго дир ракI асир гьабуна. Дица гьеб тIоцебе ахIана университеталъул кIиабилеб курсалда цIалулеб мехалъ. Ва гьенисан дица гьеб ахIулаан щибаб тадбиралдайилан абизе бегьула.

– Жеги чIалгIун гьечIищ дуда гьеб?

– ГьечIо! Щибаб нухалда гьеб ахIулаго, тIоцебесеб нухалъ ахIулеб гIадин букIуна.

– Финалалда дурго цееяхъиналъе кинаб къимат дуца кьолеб?

– ЛъикIаб къимат кьола. Концерт лъугIун хадуб дида аскIоре рачIана цогидал артисталги, берцинал рагIабигун. Ва киналго дир миллияб ретIел-хьиталдаса рохун рукIана! Дизайн дицаго ургъана, профсоюзалъ букъана.

– РатIлил щиб ккараб? Профсоюзалъ нахъе босунищ араб яги дуейищ тараб?

– Дун цIакъ йохарай йиго костюм дие щвеялдаса. Дир чанго батIияб миллияб ретIелги буго, гIемер батIи-батIиял мацIазда кечI ахIулеб букIиналъ.

– КигIан лъикI лъалел дуда гьел киналго мацIал?

– Дида эркенго лъала табасаран ва азербайджан мацI. КIодоэбел азербайджанай йиго дир. Узухъда, гIурусги лъала. Цогидазул дида лъала аслиял рагIабазул дандраял. Масала, лезгин мацI табасаран мацIалда



релълъараб букIиналъ, гьелда кечI ахIизе захIматаб жо гуро. Ва азербайджан мацI лъаялъ кумек гьабула дида лъарагI мацI гIезегIан лъикI бичIчIизе. МагIарул мацI буго дие бищунго захIматаб.

– ГӀоцебе дурго рахъдал мацI гуреб цоги мацIалда кечI ахIулеб мехалъ, мацI лъалезул критикаялдаса хIинкъун йикIинчIищ мун?

– Гьединаб хIинкъи дир букIинчIо. Гьедин абулел чагIиги дандчIвачIо. Лъалеб жо буго магIарулалъ гIадин дица магIарул мацIалда кечI ахIунгутIи. Амма ричIчIуларедухъ рагIабиги дица хвезаруларо.

– Кин байбихъараб дур бакъаналде бугеб рокьи?

– Дун ясли-ахалдасаго сценаялда йиго. Цинги рукIана школалъул концертал. Дун киданиги музыкаялъе цIаличIо, дидаго лъавухъе ахIи гурони. Нижер академиялда буго жаниб звекозаписги бугеб культурияб центр. Дица гIемераб заман хвезабула гьениб.

– Наушниказда гIенеккизе щиб дуе бокьулеб?

– Вай, дун йиго кечI-бакъан бокьулей чIужу! Гьеб ккола тIахьал рокьулев чиясда гьесул цо бокьулеб тIехьалъул хIакъалъулъ гьикъи гIадаб жо. Дие щибаб къойил цIияб бокьулеб бакъан букIуна. Жакъа гьеб букIине бегьула цIа рекIараб лезгинка, метер гьеб букIине бегьула Моцарт.

– Гьедин батани, щиб бакъан букIараб жакъа радал дур ботIролъ?

– Цо гIараб кечI. ГIарабазул цIакъ берцинал бакънал рукIуна. Дие бокьилаан гьеб мацI лъазабизе.

– Щай дуца музыкалияб школалдаса медицина тIаса бищараб?

– Дие кечI-бакъан бокьула, амма дие гьеб гIицIго хобби ккола. ГьитIинаб къоялдаса нахъе дир анищ букIана тохтурлъун яхъине. Дие кидаго

бокьун букIана гIадамазе, хасго дирго хъизаналъе кумек гьабизе.

– Дуца гьитIинаб механалъ гIемер хIан батила тохтурасул роль?

– Дица дирго расанкIабаздаса гIемерал анализал росана (елъула), гьезие уколал гьаруна, таблеткабиги кьуна.

– РакIалде щвезаризе бегьилищ кинал рукIаниги кепал медицинаялда хурхарал харбал?

–ТIоцебе дие цIакъ бокьулаан хирургия; дица хIатта хIисаб гьабулеб букIана пластикияб хирургиялде лъугьине. Амма хадуб дица дирго пикру хисана, пластикияб хирургиялъул ординатура тIубараб щуго соналъ халат бахъунеб букIин лъараб мехалда – академиялда цIалараб анлъго соналда тIадеги. Гьеб цIали цIакъ халатаблъун бихьана дида. Амма кIиабилеб курсалда дун гIемер унаан операциязде, бакIалъул анестезиялда гъоркь ругез дие комплиментал гьарулаан, кечI ахIейилан гьарулаан. Дицаги ахIулаан, гIодое йиччан, хирургасе квал-квал букIунаредухъ.

– Хирургасги ахIарабани, гьеб букIинаан кIудияб дуэт.

– Гьесул цIакъ кIар бугеб хIалтIи букIуна, кочIоде регIуларо (гьимула).

– Операциялъул столалда ругел унтаразул иш бичIчIана, амма ракIалдаго гьечIел бакIазда кечI ахIеян дуда тIокIаб лъицаниги гьаранищ?

– Преподавателаз (гьимула). БитIахъего дарсил заманалда. Дир жамгIиял гьундузда бищунго машгьураб видео гьедин бахъараб буго. Дун хъахIаб халатгун кечI ахIулей йиго, аскIов гIодов чIун преподавательги вуго. Гьеб кинабго гьадин ккана: хIухьбахъиялъул заманалда дунги ясалги гIисинккун кечI ахIулел рукIана. Циндаго жаниве лъугьун вачIана мугIалим. Ниж риха-хочун лъугьана, гьес «АхIе, ахIе», – йилан абуна. Яхъинаюна дун доскаялда цее ва дица «Где-то на белом свете...», – йилан гьаракь биччана. ХIасил-калам, гьанже доб видеоялъухъ балагьун вуго бащдаб миллионалде гIагарун чи!

– Гьеб цееяхъиналъухъ щуйилниги лъечIищ гьес дуе?

– ЛъечIо, амма хадуб зачеталдаса эркен гьаюна.

– Гьанже блищ букIине буго! Бищунго сундаса мун хIинкъулей: экзамен кьечIого хутIиялдаса яги кечI ахIулаго мекъи ккеялдаса?

– Сценаялда мекъи ккей хIакъикъаталдаги рекIее гIолареб жо ккола, амма экзамен кьечIого хутIиялдаса хIинкъула. Гьелъул букIинесеб зарал гIемерго кIудияб буго.

– Табасаран районалъул мугIрузда бугеб сихIкъотIийищ яги МахIачхъалаялъул хъуйищ?

– Дие бокьула шагьаралъул гIумру. КIиябго жубараб дагьабги лъикI букIаниги, сихIкъотIуда гIодой чIун йикIин – гьеб дие бокьулеб жо гуро.

– Кинаб рагIабазул дандраялъ дур рекIелъе хIинкъи ккезабулеб: «Хехго ректорасухъе!» яги «Дуца метер Кремлялда кечI ахIизе буго!»

– Вай, ахириселъул дие кинабгIаги хIинкъи гьечIо! Гьелъул гIаксалда, рохел буго гьеб. Амма «Хехго ректорасухъе!» – йилан ахIани, дагьайго хIинкъизехъин йиго.

– Ва ахирисеб суал: кинаб анищалъ гьабсагIат дур ракI хехго къабизе тIамулеб?

– ЛъикIай тохтурлъунги яхъун, сценагун цадахъ гьеб цебе бачине бугеб анищалъ. Дие кечI-бакъанги тохтурлъиги бащдго бокьула. Дир хьул буго кIиябго бакIида гIодой чIезе бажарилилан.

– Гьедин батани, концерталда «Залалда тохтур вугищ?» – илан ахIулеб рагIани, сценаялдаса гъоркьеги кIанцIун, кумек гьабизе буго дуца...

– Гьеб рагIизе хъван батугеги, амма щиб букIаниги ккани, тIоцее дун ячIине йиго кумекалъе!

Руслан Бакъидов



Залпа МухIамадрасулова

ПасихIай лирик, магIарулазул машгьурай шагIир, Унсоколо районалъул ГьаракIуни росулъа Залпа МухIамадрасуловалъул асараз асар гьабуларев чи магIарулазда гьоркьов ватиларо. Гьелъул гIемерисел кучIдул, бищунго машгьурал кочIохъабаз ахIулел рагIун, халкъалда рекIехъе лъала. ШагIиралъул асаразулъ нилъеда батула мугIрул чIужугIаданалъул намусалъул борхалъиги, рекIелъ хутIулеб гугьаралъул хIеренлъиги, хIажаталъуб хIунчулеб зазги. Цодагьаб цебегIан цIалдолезухъе щвана «ГIумрудулъ хаселги хиялалъ ихги» абураб гьелъул тIехь. Къолеб буго гьелдаса цо чанго кечI.

Дие бетIерлъи щай?

Дие хIел-хIелалъухъ кабинет щайзе,
Гъаравашлъун жаний дунго йикIине?
Дие телефон щай, гьелъул кварица
Кидаго хIакимгун юхьун йикIине?

Дие мIшина щай, лъелго хьвадизе,
ХIарщудаса рацIцIад хIатIал ругони?
Дие бетIерлъи щай, бетIер къулизе
Къого нухалъ къоялъ кколеб бугони?

Чияца бан кьураб хъала кIваричIо,
Хъощиниб бокьила, дицаго бараб.
Цогияз рорхарал рецwалъул сиял,
СумагIучIал гIадин, ина гьороца.

Щайзе дун нечолей?

Ралагьуге диде чIегIерал берал,
ЧIор щвечIеб бакI гьечIо дир кереналда.
Рицунге рагIаби, дун гIадаллъулей,
ГIищкъул ралъдалъ квачI бан, свакалей йиго.

Каранда рокьул цIа гьелегьанагIан,
ЦIоролеб кин рагIи дир гьаб мацIалда?
ГIищкъуялъ гIадалнах щущан анагIан,
Щайзе дун нечолей, духъ ялагьизе?

Дир хIалал рихьулеб хIеренаб харбил
ХIисаб гьабулареб ххвел гьабуниги,
ГьоцIолъун тIнкIараб дур щибаб рагIи
Щибаб минуталъ дий гьабула такрар.

Къасде пикрабазда, къад хиялазда,
Ханлъун мун вищула, щибго лъаларев.
Дурго улкаялда кверщел гьабизе,
Караматлъи тIатун, щай вачIунарев?

Къисматалъул нух

Дур нуцIа, къваридго, къан тана дица,
Къисматалъ батIияб нух тIаса бищун.
Къо лъикIилан дица кIалалъ абичIо,
Абуна дуда гьеб дир магIил гараз.

Дур гIумрудул гIурулъ дун жуяларо,
Бакьулъе щварабго, эхе йосулеб.
Дур тIегьараб гъотIол рагIад дие щай,
ТIадеги рахун, пихъ цогидаз кунеб?

Вокьун вукIаниги, гьечIиланги чIун,
ЧIухIараб сиялде тIаде яхина.
ТIасалъугьа, гьудул, дир гIайиб гьечIеб,
ГIумрудулъ батараб дандчIваялдаса.

ТIасалъугьайилан кIутIбуз щурула,
КIоларин кIочене, ракI гьедарула.
КIваричIо, кIваричIо, дун нахъе ина,
Нахъ балагьичIого, дирго нухдасан.



Наира
ХІабибулаева

Театралияб искусствоялъул борхалъуда

ЧIарада район машгъураб буго миллияб маданияталда ва адабияталда жидеца хасал лъалкIал тарал ва толел ругел гIадамаздалъун. Щивха асир гьавичIев чIарадисезул кочIохъабаз. Гьеб ракьалда бижана «КочIолаб ЧIарада» бихьиназул хор. Жакъаги гьелъул цIарги борхалъиги тIадегIанаб даражаялда буго. МагIарул адабияталда, музыкалияб маданияталда, театралияб искусствоялда руго чIарадисезул лъалкIалги цIаралги. Гьединазул цояй ккола гьаб макъалаялда дие бицен гьабизе бокъун йигей Дагъистаналъул халкъияй артистка, ЧIарада районалъул ЩIуриб росулъа Наира ХIабибулаева.

ГьабсагIаталда Наира хIалтIулей йиго Авар театралда. Бигьаяб нух тIаса бищичIо магIарулалъ. Къисматалъул рахIат гьечIел сухъмахъазул цояб хIокIалдаса цоялде яхунаго, гьелъ мутIигI гьаруна ва жеги гьарулелги руго театралияб искусствоялъул тIогьал.

Къойилго гIадин гьарулел репетициялги, магIарухъе-нахъе гьаризе кколел сапаралги, цIунизе тIадаб бугеб хъизамалъул гъанситоги, гъанситохъ бакараб цIадуе чIужугIаданалъулаб, лъадиялъулаб, эбелалъулаб ритIухълъиги рокьиги. Гьеб кинабго букIинчIого букIинеги бегьулаан Зайнудин тун батIияв гIумруялъул гьудул хьолбохъ вукIараваниги. Доб мехалда театралда художниклъун хIалтIулев вукIарав гьесул квербакъиялдалъун ккана Наида театралда хIалтIизе. Гьебго хъулухъалда гьанжеги вуго Зайнудин. Редакциялде гьоболлъухъ ячIарай Наираца махсараги гьабуна:

– Зайнудинидасаги дие битIкана гIумруялъул гьудул тIасавищиялъулъ. ЛъикIав, дун йичIчIулев рос, лъималазул тIалабазда даим вугев эмен... Дунин абуни, чанги ккелариццха сапаразде, къойилго гIадин, бакъинегIан – репетициядаги. Живго гьенив хIалтIулев вукIиналъги батила, гьесда дун йичIчIана, – ян елъана гьей.

Ункъого батIияб сипаталдалъун кIалъана Наира магIарулазда

Гьаюна Наира 1966 соналъ. 1985-87 соназ цIалана МахIачхъалаялъул культпросветучилищеялъул режиссерлъиялъул отделениялда. 1988 соналдаса нахъе хIалтIулей йиго Авар театралда:

– ТIоцебесеб къоялъго бичIчIана дида актерасул пиша цIакъ кIвар цIикIкIараб иш букIин. Ва тIоцебесеб дица хIараб рольги букIана «Ханлъи бокьарай якьад» спектаклялда



Нигарал роль. Жакъа гIадин ракIалда буго гьеб къоги дида, тIоцебесеб роль хIазе сценаялде яхараб. Унго-унгоги, роль хIай – гьеб гIицIго сцена гуро. Гьеб буго нилъер гIумру. Театралде рачIаразда гIумру бихьизабизе ккей – гьеб бигьаяб ишги батичIо, – ян абуна Наираца.

Долдаса нахъе унеб буго кIикъого-гIан сон. Наира жеги йиго ругьунаб пишаялда.

– Санайил ункъо роль. ГIага-шагарго 70-80 роль хIан буго. Щибаб рольги дие дирго лъимер гIадин бокьана ва гьанжеги бокьула. Бокьулеб гьечIони, хIалтIиги лъугьунаро. РакIалде щвезарилин гьезул цо-цоял: Италиялъул драматург К. Гольдонил «ГIажаибаб лъугьа-бахъин» комедиялда – Марианна, ингилисазул драматург Р. Б. Шериданица хъвараб «Цо къоялъ къого макру» комедиялда – Инесса, ЦIадаса ХIамзатил «Айдемир ва Умайгьанат» пьесаялда – Симисхан, «Я къвал бала, я къоно чIвала» – Валида, «Кинидахъ кечI» – Валентина, «МагIарулай» –

Хъанича, «Рокьул контора» – Ада, «ЧIужу яче, кIудада» – Марям, «Дида бугеб гIайиб щиб?» – эбелалъул роль – Зарипат ва цогидалги ролал. Театралда гIумру гьабун буго ункъого батIияй Наираца. Ункъого батIияй Наира кIалъана кIикъого соналъ магIарулазда Авар театралъул сценаялдасан. Ункъого батIияй Наирае хъат чIвана магIарулаз.

МагIарул мацIалда гуребги, гIурус мацIалдаги хIала Наираца ролал. Бокьун буго цо гьитIинабго мисал бачинеги. 2018 соналда МахIачхъалаялда тIобитIараб «Дагъистан кочIолъ ахIарал» фестиваль-конкурсалда гьелъ ккуна тIоцебесеб бакI «Бищун лъикIаб чIужугIаданалъул роль» номинациялда.

Кавказалъул темаялда бахъулеб 22 киноялдаги ролал хIана Наира ХIабибулаевалъ. Рехсезин гьезул цо-цоязул цIарал: «Я вижу солнце», «Сказание о Хочбаре», «Танцы на высоте», «Кавказская месть», «Небесная кара», «99», «Русская жена». «Горцы от ума» КВНалъул къокъаялда цадахъги яхъана гьей цее.

Наира лъала режиссер хIисабалдаги. «ГIанчIаб гIел» абураб литературиябгун музыкалияб композициялъе бергьана президентасул грант. Гьеб асаргун актерал щвана Ставрополь краялде, Сочиялде, Кранодаралде ва Росиялъул цогидалги регионазде.

Наира ХIабибулаевалъ лъураб «Цо ясалъул ункъо бахIарав» комедиягун щвана театралъул артистал Россиялъул чанго регионалде. Гьезул церерахъиналъе хъат чIвана, актеразул хIаялъе кIудияб къимат кьуна.

Сапарал, сапарал, сапарал...

КIикъого соналъ сапаразда йиго Наира ХIабибулаева. ТIоцебе гьабураб гIадин ракIалда бугоан гьелда щибаб



сапарги. Щибалдаса ракIалдещвеялги цIунун ругоан гьелъ. Сапараздаса бищунго ракIалда чIараб лъугьа-бахъин щибилан гьикъидал, елъулаго, гьаб хадусеб бицана Наираца:

– Щибаб сапаралдаса ракIалдещвеяз зама-заманалдаса бицуна дие дирго театралияб къисматалъул хIакъалъулъ. Гьезул тIагIамалъухъ гьанже-гьанжеги урхъун йикIуна дун. Росабазул гIадамал тIубанго батIиял рукIана шагьаралъулаздаса – рекIел бацIцIалъиги, гьобол хиралъиги, инсанасул адаб гьабиги гьезул цIакъго тIадегIанаб даражаялда букIана. Сценаялда бихьизабулеб гьез гIумруялъул хIакъикъатлъун рикIкIунаан. Гьелъги батила, лъикIаб гуреб роль хIалев чанги актер гьалбадерицагицин рокъове вачунароан. Гьедин ккана цо нухалда дир ишги, гьаб нухалда дунги рокъое ячун, хутIарал ясал-актераз сордо автобусалда жаниб базе ккун букIана. Цо пуланаб районалде щвана ниж «Ханлъи бокьарай якьад» спектакльгун. Дица хIалеб букIана щуяйго нусалда гьоркьоса бищунго лъикIалъул роль. Спектакль лъугIун хадуб, ки-

налго рачинчIони, йилъгъинарилан ахIделей дунги тун, гIода-йорчIун лъугьун, гьоболалъ дун рокъое ячана, цогидал рихьизегицин рокьун гьечIиланги абун.

Цо нухалдаги спектаклялдаса хадув цо гIолохъанав вас вачIана аскIове, мун Наира гурейищила, жив лъаларевищиланги абун. ТIадеги жубана Буйнакскиялде спектакльгун нуж рачIараб мехалда, лъабабилеб кьерда гIодов чIун вукIанин живилан. Дидаги ракIалда вукIинищха кинавго чи, амма цадахъ рукIарал ясаз, дица кьезехъин бугеб жаваб бичIчIараб гIадин, дунги гьоркьой къотIизаюн, абуна ракIалдаги вугила, тIад ретIун букIараб парталгицин лъалила. Унго-унгоги, гьеб лахIзаталъ гьев вохун тараб куцха. Гьесул беразул кенчIейги гьезулъ букIанщинаб рохелги, гьаб хабар нужее бицунелъул, цебе бачIана.

Наира йиго халкъалъ ракI-ракIалъ къабул гьаюрай артистка. Гьелъул рукIунаро гIицIго сценаялда жидер къисмат къокълъулел ролалги. Гьелъ ролал хIала драмаялдаги, комедиялдаги, трагедиялдаги. Гьелъул багьадурзабигун цадахъ гIодула, релъула спектаклялде рачIарал. Угьдула, къварилъахъдула. Гьедин кIикъого соналъ ункъого батIияй Наирае хъат чIвана магIарул халкъалъ. Жакъаги сапаразда йиго Наира ХIабибулаева. Гьезул щибаб сухъмахъалъул, щибаб шагьраялъул буго цохIо жиндиего хасаб ва гьелдаго цадахъ киналго актеразеги гIаммаб тарих. Тарихалъул тIанчал нахъехун регани, гьенир ратула театралияб искусствоялъул хIокIаздаса хIокIазде яхунаго, нахъа тарал гвангъарал лъалкIал:

2001 сон – Дагъистаналъул мустахIикъай артистка.
2018 сон – Дагъистаналъул халкъияй артистка.
2015 сон – МахIачхъалаялъул бетIерасул цIарулаб сагIат.
2019 соналда заочно лъугIизабуна ДГУялъул актерасул махщалил факультет.
Республикаялъул Культураялъул министерствоялъул дипломал ва грамотаби.
Йокьулей артисткаялъул гьунаралъе 40 соналъ халкъалъ чIвалеб бугеб хъат.

Наираца жиндирго учительлъун рикIкIунев вуго Дагъистаналдаса тIоцевесев профессионалияв режиссер ХIамид Рустамов. Амма театралияб искусствоялда бищунго кIвар бугев ва аслияв учительлъун гьелъ рикIкIуна жиндир цееяхъиназе хъат чIвалел магIарулал.

– МагIарулаз дие чIвалеб хъат – гьеле дир актерлъиялъул аслияб хIасил. Гьеб хъатие гIоло хIаракат бахъана дица сценаялдаса дирго багьадурзабазул гIамал-хасиятазда релъларайлъун йикIине. Гьеб бигьаяб букIинчIо дие, гIанчIай гIолилалъе, цин елъизе-йохизе, цинги гIодизе-пашманлъизе ва балагьарал дидаго цадахъ гьебго жо гьабизе тIамизе. Гьеб киналъего дие къуват кьуна гIагараб халкъалъ тIоцебе, кIиабизе..... къоабизе, лъабкъоабилеб..., ункъоабилеб нухалда чIвараб хъаталъ, – илан абуна Наира ХIабибулаевалъ.

– Театралъул нухмалъулезда гьоркьоса бищунго бигьаго хIалтIизе лъида цадахъ букIарабилан абураб суалалъе гьадинаб жаваб кьуна Наираца:

– Театралъул щибав нухмалъулес хасаб бакI ккола дир театралияб гIумруялда. Дурго хIалтIи-пиша дуца ракIбацIцIадго тIубалеб бугони, нухмалъулесулги дурги дандекчIого букIунаро. Гьезул щивасе

дун налъулайги йиго дир театралияб гIумруялъул тIехьалда гьез хъварал тIанчазухъ. Гьанжесев директор МухIамад БисавгIалиевасеги кьезе бокьун буго кIудияб баркала. Гьесул баркаталдалъун, Москваялда гIумру гьабун вугев дагъистанияв, жиндир кумекалъулаб квер киса-кибего щолев ГIахьвахъ районалдаса ГIумар МуртазагIалиевасул сахаватлъиялдалъун Авар театралъул мина цIигьабун къачIазехъин буго, – ян бицана Наираца.

– Театралъул рокьулел артистка-базул цIехедалги, гьелъ абуна:

– Дие киналго рокьула. Дица цадахъ хIалтIулел руччаби-актерал рокьулел-рокьуларезде рикьуларо. Щивалъул буго жиндирго тIокIлъи. Гьайгьай, рукIуна гьединго гъалатIалги. Ниж цоцаца жанире-къватIире рачун рукIуна. Квешаб-лъикIабги бадибе абун, цадахъ рекъон хIалтIула. Гьедин бугони, хIалтIиги берцинго нухда уна.

Амма жакъа къоялъги цебеса унаро Россиялъул халкъияй артист Сидрат Мажидовалъул гIанчIаб релъиги талихIалъул цIурал беральги, гьелдаго цадахъ гьей халкъалъ къабул гьаюлей йикIараб куцги. Дицаги хIаракат бахъана, бахъулебги буго ва хадубккунги бахъизе буго магIарул халкъалъул Сидратиде букIараб гIадаб рокьул цо гьитIинабго хIенехIалъегIаги мустахIикъайлъун йикIине, – ян.

Ва ахиралдаги – гьарула халкъияй артисталъе театралияб къисматалда дагьалги чIахIиял бергьенлъаби, гIумруялъулъ – хъизаналъулаб талихI, кIиявго васасе – буцIцIараб, роцIараб дуниял.

Шамай Хъазанбиева

МухIамадрасул ГIУМАРОВ

ИМАМАСДЕ

Имам, дур цIар къалаго
Къоабилеб век ана
Къоло щуго соналъ мун
Вагъараб ватIаналда.

Дуда данде рахъарал
Хъурмазул наслабаца
Хъурун бичана ватIан,
Чадил макъар кинигин...

Кинниги тIерхьинчIо цIва,
ЦIар борхатав чиясул,
Бичасе рецц гьабула,
Гьанже битIун ккун буго.

Чилъи бичун чин щварал
«БахIарзазул» наслаби
Дуй мутIигIал умумул
РукIанилан гьедула.

Гьелъий къимат дуцаго
Кьезе тела КIудияв,
КIудияб Къо бачIиндал
БичIчIилебин хIакъикъат.

БетIергьанасул хIукму
Кидаго билълъанхъула –
Дагъистанги Исламги
ГIасрабаз данделъана.

Щив данде хIалтIаниги
ХIукумат ургъаниги,
Аллагь цохIо гьавуна
Гьайбатал магIарулаз.

Чан сихIру ургъаниги
ХIукмаби рахъаниги,
РекIелъе тIураб иман
БатIа гьабизе кIвечIо.



Расул ХIамзатов эбел Хъандулайгун

Эбелалде

РагIаби Расул ХIамзатовасул
Бакъан Шамхал Шамхаловасул

Эбел, кIочонаро, гьитIинаб мехалъ,
Дун къватIахъ кватIигун, кидаго дуца
ГортIа лъун толаан бакараб чирахъ
Ва къирун толаан къачIого каву.

ВачIунаан рокъов, кьижулаан дун,
Кьурулаан дуца гIодобе чирахъ.
Ялагьулаан мун къан бугищ нуцIа,
Къулулаан тIаде сордо лъикI, васин.

Сонал ана... гортIа чирахъ кенчIана,
Дур васаз иргадал росу нахъ тана.
КвегIаб берзул магIу кваранаб квералъ
КигIан гIемер балъго дуца бацIцIараб!

МугIрузда сверана сурмиял накIкIал,
РакI бекун пирхана мех-мехалъ пири.
Цоял васал ана руссунарелъуй,
Цогиял кватIана духъе руссине.

Эбел, дир соназул гьал сверабазда
Дида росуцояз бицунеб буго,
Дуца рогьинегIан гIагараб гортIа
ГIодой кьуруларин бакараб чирахъ.

Дуца гьанжелъагIан къирун тун ругин
КъачIого каваби, васас рагьизе;
Мун ялагьун йигин, кватIарал лъимал
Кидадай руссина жидерго гъастIе!

Дир хирияй эбел, ана дир ихал,
Нухаз, рахсаз гIадин, вухь-вухьана дун.
Ана гIолохъанлъи митингазда дир,
Хъуй-гьура гIемерал, пикраби дагьал.

Черхалдаса бетIер батIалъунищан,
Гьебги квераца ккун ватула гьанже.
Дирго сураталде тIадеги къулун,
Къойил, тушман гIадин, вагъула гьебгун.

Дица балъго, эбел, кваранаб квералъ
КвегIаб берзул магIу бацIцIуна сардилъ,
Дун вачIина духъе, вачIина духъе,
Чирахъ гIодоб кьурун, кьижа, дир мискин.

Щвела дун росулъе, щвела рокъове,
Къирун тараб каву, къай, дир хирияй.
Кида гьеб букIинеб – кватIизе гьечIо,
Каранда ракI лъурай, сордо лъикI, эбел.



Эльмира
ГІамирханова

«Фермаялда хIалтIи унеб букIуна 24/7»

Дагъистаналда гIемер руго къуватал руччаби, амма Эльмира ГIамирхановалъул гIумруялъ гIумру бихьаралги гIажаиблъизарулел руго. Гьей гьаюна Буйнахъскиялда. ЦеетIурай бухгалтер ва хадуб кафеялъул нухмалъулей гьей гIицIго каникулазул заманалда щолей йикIун йиго кIодоэбелалъухъе Гъоркьияб Гъазданушие. ГIолохъанай Эльмирал гIачи речIчIиялъулги росдал гIумруялъул аслияб бичIчIи букIана, амма магIишаталъул захIматаб хIалтIуде гьей ругьунай йикIинчIо.

Кинабго цIндаго хисана гьелъул рос МухIамад пенсиялде ун хадуб. МустахIикъаб хIухьбахъиялъул бакIалда Эльмираца гьесда цебе магIишат гIуцIцIизе масъала лъуна. Гьес рахъ ккуна гьеб пикруялъул. ХIатта, МахIачхъалаялда бугеб жидерго квартираги бичун, щибаб гъурущ магIишат баялъе биччана рос-лъадуца. Гьез байбихьана 17 гIакаялдасан, жакъа гьезул магIишаталда буго 168 бетIер чIегIербоцIул, жидерго рахъдал цех ва пачалихъиял контрактал.

Макъалаялда буго бизнесалъул пайда гьечIеб тIоцебесеб щуго соналъ кин тIинде инчIого хвасарлъарал ва СВОялдаса вас тIадвуссиналъухъ ралагьун чIезе фермаялъ кин кумек гьабулеб бугебали.

– РакIалда щвезабизе бегьилищ хъизаналъул кIудияз къураб гIакълу, гьанжеги нужее кумек гьабулеб?

– Ниж кидаго рукIана захIмат бокьулеб хъизанлъун. Ункъо лъимергун эбелги тун, эмен цевего къадаралде щвана. Доб мехалъ дир букIана гIицIго 13 сон. Нижеда гьитIинаб къоялдасаго лъалаан захIматалъул магIна щиб жояли ва чIахIиязе кумек гьабизе кколеб куц. Эбелалъ кидаго абулаан нижеда: гьабизе байбихьараб бащдаб нухда рехон тогеян. Гьедин тIолабго гIумру гьабуна нижеца. Гьеб дица дирго лъималаздаги малъана, жакъаги лъималазул лъималаздаги бицуна. Гьеб ккола диеги нижер хадусел гIелазеги бищунго кIвар бугеб дарс.

– Бице, росдал магIишаталде руссине пикру кин бижараб?

– ГIолохъанаб мехалда нижеца киданиги пикруцин гьабуларoан киданиги магIишаталде руссинилан. Дир рос, лъабкъого сон барав чи, хIалтIиги тун пенсиялде ана. Дун доб мехалъ жеги хIалтIилей йикIана, амма дир график букIана эркенаб. Цинги цо къоялъ дица росасда абуна: «Нилъ херал чагIиги гуро, гьанжеялдаса нахъе рокъор гIодор чIунищ рукIине ругел», – илан. Цо гектар ракьул букIана нижер доб мехалда. Гьединлъидал: «РачIа гIачи росизе», – йилан абуна дица. Гьединлъидал, магIишат гIуцIцIиялъул гIайибияй йиго дун.

Дир росас лъугIизабуна росдал магIишаталъул институт. ТIубараб гIумруялъ хIалтIана гьев инженер-технологлъун, хадуб хIалтIана захIматалъул инспекциялда – аслияб къагIидаялъ гьев вукIана кабине-



талъул хIалтIухъан. Дун – кафеялъе нухмалъи гьабулей, цIалиялда рекъон бухгалтер. МагIишаталда хIалтIи нижее цIияб жо букIана. РакIбацIцIадго абуни, нижеда лъалеб букIинчIо сунда гъоркье нижеца бетIер бегьулеб бугебали.

Нижеца босана 17 шведазул тайпаялъул гIака. Амма гьезие хъулухъ гьабизе гьезда цадахъ байбихьана лъазабизе. Дица гIемер абула: цогидал ишал ругони, тукен кIиго-лъабго къоялъ къазе бегьула. Амма росдал магIишаталда хIалтIи унеб букIуна 24/7. ГIака унтун батани, къасиги рахъине ккола гьелъие хъулухъ гьабизе.

Байбихьизе цIакъ захIмат букIана. ТIоцебесеб щуго соналъ нижее щибго хайирго щвечIо. Фермаги базе ккани, техникаги босизе ккани, МахIачхъалаялда букIараб квартирацин бичизе ккана нижеца.

Ва бищунго захIматаб масъала батана хIалтIизе чагIи ралагьи. Божилъи бугел ва жавабиял фермаялъе хIалтIухъаби ралагьи, цIакъ захIматаб суал батана. РачIунел, унел, нижеегоцин щолареб мухь тIалаб гьабулел гьел, гьедин букIаниги кьечIого рес гьечIел, хIалтIизе чагIи гьечIони, нижецаго кинабго гьабун бажаруларел ниж – захIматаб заман. Дагьаб хадуб, боцIиги къинлъараб бичизе рахьги щвараб мехалъ, нижер цодагьаб мадар лъугьана.

ГIага-шагарго гьеб заманалда МахIачхъалаялда рагьана «Фермеразул школа», дун гьебсагIатго цIализе ана. Гьениб дие щвана гIезегIан кIудияб лъай. Теорияги дирго практикияб хIалбихьиги цолъизабун, ахирги дида якъинго бичIчIана щиб гьабизе кколебали ва щиб жоялде тIоцебе кIвар кьезе кколебали.

Байбихьудасаго дица лъималазул лъималги хIалтIуда гъорлъе рачана. Нижеца гьезул щивасе цо-цо баси бихьизабуна: «Гьаб дур, гьаб дур, гьезухъ балагье ва гьезул ургъел гьабе», – йилан. Ва лъималаз, дарсал лъугIун хадуб, жидерго бусбузул тIалаб гьабулеб букIана. ЛъагIелгун микьго моцIидасан гьел бусбузда 350-380 килограмм цIайи букIана. Нижеца гьел нусазарго гъурщиде гIагарун ричана, кинабго гIарац лъималазул лъималазухъе кьуна. Кинаб рохел гьезул букIараб! Амма бищунго аслияб жо, гьезда захIматалъул къи-

мат бичIчIи. Узухъда, гьез гьеб гIарац кьуна эбел-инсухъе, амма гьеб гьезул букIинесеб лъикIлъиялъе гIоло батIа гьабун лъун букIана. Нижеца магIишат тIоцебесеб иргаялда лъималазеги лъималазул лъималазеги кумек гьабизе гIуцIцIун букIана.

– ГIуцIаралдаса нахъе кин хисулеб бугеб нужер магIишаталъул кIодолъи?

– Нижеца 2017 соналъ 17 гIакаялдасан байбихьана, гьанже нижер буго 168 бетIер. Нижерго магIишат букIин кIудияб кумек ккола лъималазе, нижецагоги кваналеб жо гIицIго тIабигIиял нигIматал руго. ГIемер заман иналдего дица рагьана цIияб бизнес – рахьдал тIорахь, бетарахь, щар гьаби. Цебе нижеца цогидазе бичулеб букIана рахь, амма гьез кьварарал шартIал лъолаан цере, багьабиги кIванагIан гIодоре кьабулаан. кьварун гIодобе биччазабулаан. Цо-цо мехалда дица рахь чIван-чIобого – литралъухъ 22 гъурущиде кьолаан. Гьабизе кIолеб жо букIинчIо. Гьеб ккола хехго хвезе бегьулеб къайи, гIемераб мехалъ цIунизе бегьулареб. ХIатта дун хIинкъулаан росасе мукIурлъизе, кинаб багьаялде дица гьеб бичулеб бугебали. Дица гьесда абуна 30 гъурщибе бичанин, гьес кинабго рехон телилан хIинкъун.

Дида бичIчIана иш гьадин ине бегьуляреблъи. Нижее къваригIун букIана нижерго техника босизе ва нижерго переработка гьабулеб завод рагьизе. Ва гьеб нижеца гьабуна. ГIадамаз абулаан: «Рукъалъ бетIербахъи гьабулеб жо ккола гIака», – йилан. ГьитIинаб мехалъ дида гьеб бичIчIуларoан. Амма гьанже дида бихьула: гIака бугони, столалда кидаго букIуна рахь, тIорахь, нах яги щарил нах, нису, хIан. Кинабго рокъоб бахъараб, бацIцIадаб, тIабигIияб.

Нижеца нижерго къайи базаралде баччун, бичулезухъе кьолаан, амма гьезги жидерго шартIал лъолаан цере. Гьеб мехалъ дир бухгалтералъулаб лъаялъ кумек гьабуна. Нижеца байбихьана тендеразда гIахьаллъизе ва хIукуматалъул контрактазда рекъон хIалтIизе ва хасал идарабазде, масала, больницабазде продукция кьезе. Гьанже гьел жалго рачIуна нижехъе рахьдал къайи тIалаб гьабун.

– Нужее бищунго захIматаб жо щиб?

– Бищунго захIматаблъун ккола заман унеб букIин ва нижер къуват дагь-дагьккун дагьлъулеб букIин бичIчIи. Свакан фермаялдаса рокъоре щведал, росас абула: «КигIан заманаялъ нилъеца жеги гьаб гьабизе бугеб?», – илан. Лъималги тIуран руго гьезие кIвараб кумекги гьабулеб буго.

Нижер вас СВО-ялда вуго. Рокъов вугеб мехалда гьес нижее магIишаталда кумек гьабулаан, амма хасаб операция байбихьун хадуб гьев фронталде ана. Отпускалъ рокъове вачIиндал, гьесда бихьула диеги инсуеги кигIан захIмат бугебали, гIолохъанлъулел гьечIелъулха.

Амма гьаб бичизе кIвезехъин гьечIо. МагIишат ккола нижер хъизаналъул кIудияб бутIа. Ниж ругьунлъун руго гьал гIачиязде. Гьединлъидал нижеца, кинабго рухIги бакIарун, хIалтIизабулеб буго магIишат. Унгоги фермаялъе гьабсагIат гIолохъанав хважаин къваригIун вуго.

– 5-10 соналдасан кинаблъун нужеда бихьулеб нужерго магIишат?

– Нижеда кIвезе гьечIо магIишат, 300-400 бетIералде щвезегIан, тIокIабги гIатIид гьабизе. Гьеб гьабизе ккани, нижеца комплексал цIи гьаризе ккола, хадусел соназде планал гьаризе ккола, ниж руго чIахIиял чагIи. Нижер букIинесеб бараб буго васасда. Гьев вуссиндал, нижеца кинабго гьесда малъизе буго. Дир бищун кIудияб анищ – гьаб хъизаналъул магIишат нижецаго васасухъе кьезе ва гьес къадру-къиматалда гьеб цебе бачине.

Аллагьас нужер хъизаналъул иш цебетIезе хъван батаги!

Руслан Бакъидов



Нурианна
Каллаева

Цо гIумру, кIиго рекIел ахIи

КечI-бакъан ва медицина – тохтур ва Дагъистаналъул мустахIикъай артистка Нурианна Каллаевалъул кIиго рекIел ахIи

Дицаги Нурианна Каллаевалъги къотIи гьабуна гIемертIалаяб минаялъул тIоцебесеб тIалаялда бугеб гьелъул клиникаялда дандчIвазе. Амма минаялда сверун чали гьабун батун, дун дагьайго нухкъосун ккана. Нухлулазда гьикъидал, киназго: «Вай, гьеб нилъер гьайбатай Нурианна Каллаевалъул клиника гурищ?» – илан абулеб букIана. Гьезго бицана кигIан хIикматай лъималазул цаби-гIусазул тохтур ва гьунар тIокIай кочIохъан гьей йигеяли.

Дида гьей лъала 90-абилел соназ Нурианна мединститутталда цIалулей йикIараб, дун «Студентазул их» абураб конкурсалъул жюриялда йикIараб мехалдаса нахъе. Сценаялде, бокьарав машгьурав артистасдагицин ахIун бажаруларе6, ингилис мацIалда кечI ахIизе, ритIучIил гIадал беральги ругей, гьайбатай яс ячIиндал, ниж хIухьел ккун хутIана. Гьелъ гьеб ахIана дунялалъул даражаялъул джазалъул кочIохъаналъ гIадин. Гьелъул къуватаб вокалалъ ва эркенго сценаялда йикIине бажариялъ киналго жюриялъул членалги залалда рукIаралги хIайран гьаруна. Хъат чIвалеб букIана зоб гъугъаледухъ.

ГIумру сценаялъе кьезе йижарай гIадай Нурианна яхъана цаби-гIусазул тохтурлъун. Мекъи ккундайилан ккезе бегьула ракIалде. Гуро. Тохтур хIисабалдаги щвана Нурианнае кIудиял бергьенлъаби: гьелъ лъугIизабуна Москваялда ординатура ва рагьана жиндирго клиника. Амма гьелъ кечI-бакъан рехун течIо: гьей ккола Дагъистаналъул филармониялъул солистка, гIахьаллъула киналго кIудиял миллиял гала-концертазда, гьелъие щвана гIемерал музыкалиял шапакъатал, кубокал, дипломал. Нурианнаца лъугIизабуна «BeVictory» абураб халкъаздагьоркьосеб вокалияб школа ва Германиялда «КечIгун бергьенлъиялде!» абураб къецалда гIахьаллъана.

Нурианнаца бицахъе, гьаюралдаса нахъе бакъан кидаго букIун буго гьелъул гIумруялъул бутIалъун. Гьелъул эбелалда лъимал гьарулеб рокъоб абун буго дур яс киназдасаго кIудияб, кечI ахIулеб гIадаб гьаракьалъ, гIенеккизе бокьуледухъ гIодулей йигилан.

ТIоцебесеб дебют Нурианнал букIана 3 сон бараб мехалъ, ясли-ахазда гьоркьоб тIобитIараб къецалда, кIикъого лъимер бугеб хоралда цебе кечI ахIизе цееяхъин. Гьеб букIана гьелъул тIоцебесеб бергьенлъи. Директорасда бихьана гьитIинай ясалъул гьунар, гьеб лъугьана Нурианнал музыкалияб нухлул байбихьилъун.

Меседил медалгун лъугIараб №17 школалдаги гьей киналго тадбиразда гIахьаллъулаан. Гьелъ гьединго лъугIизабуна №3 музыкалияб школа, кочIохъан гурей, артисткалъун яхъине бокьун. Амма, ясалъул хасал вокалияб бажариял рукIаниги, эбел-инсуца хIукму гьабуна хъизаналда тохтур вукIине кколилан. Нурианнаца бицана жидер хъизаналда жий тIоцеесей тохтур йигилан, амма музыкантал рукIанилан.

– Дун гьаюна МахIачхъалаялъул гIадатияб, гьоркьохъеб хъизаналда. Дир эбел-эмен руго Лак районалъул Къараша росулъа. Эмен МухIамад хIалтIулев вукIана заводалда фрезеровщиклъун, эбел Гьайбат йикIана



рокъоса гIебеде. Амма кечI-бакъан букIана нижер хъизаналъул кIудияб бутIалъун. Киналго гIадин цIалана музыкалиял школазда. КIодоэбел ГIайшатицаги цIакъ берцинго ахIулаан кечI. Росулъ рохалилал байрамаздеги ахIулаан гьей. Инсул вац ЗайнулгIабидица лъугIизабуна Москваялъул консерватория. Гьезул генал щун ратилаха диеги, – йилан бицана Нурианнаца.

– Дун цаби-гIусазул тохтурлъун ана цIализе. Доб мехалда гьеб гIемер къадруяб махщел букIинчIо. Амма дир гьудул лъугьуней йикIана ДГМАялде цIализе, хIукму ккана цадахъ лъугьине. Нижер студентазул сонал рекерун ана, Москваяллъул ординатураялдаса хадуб дида ракIалда букIана гьенийго чIезе, амма ракIалъ Дагъистаналде цIана.

Гьеб мехалда байбихьана шоу-бизнесалъул ахIи-хIур! Дица кидаго ахIулаан кечI ва дие бокьун букIана кIудияб сценаялда дирго хIалбихьизе. Продюсераз абуна дица миллияб мацIалда кечI ахIизе кколин, амма дир фольклоралъулгун кинабгIаги бухьен букIинчIо. Дица байбихьана тIахьал цIализе, радиоялде ине, цересел кучIдузухъ гIенеккизе. Лак мацIалда дир тIоцебесеб кечI буго «Чанахъан». Гьеб букIана машгьурай Марьям Дамдамаевалъул ахирисеб кечI. ГIенеккараз цIакъ лъикI къабул гьабуна дир кечI, – илан ракIалде щвезабуна Нурианнаца.

Гьеб мехалда бичIчIана кочIохъаналда сцена жиндир къисмат букIин. ТIоцебе Нурианнаца хъвалаан некIсиял лаказул кучIдул, гьезие гьанжесел аранжировкабиги гьарун. Гьелъ

ахIула ингилис ва гIурус мацIаздаги. Гьелъул тIоцересел кучIдузул цояб хъвана Залина Сулеймановалъ. Гьеб «Страник» (Дуниялтерк) абураб кечI лъугьана гIенеккизе бокьулеблъун ва гьелдаго цадахъ магIна бугеблъун.

– Дие рокьула рекIее рохел кьолел кучIдул, бакънал. Гьаб проблемаби гIемераб дунялалда гIадамазеги гьединал рокьулилан ккола дида. КучIдул рукIине ккола гIенеккизе бигьаял, рохалил асар гьабулел – илан рикIкIунеб буго Нурианна Калаевалъ.

Гьелъул музыкалияб гIумруялъ медицинаялъул хIалтIуе квал-квал гьабулеб гьечIо.

БитIараб бицани, Нурианнал хIалтIи лъугIизегIан гIодой чIарай дида, гьабсагIат кабинеталдаса къватIибе лъимер гIодилаго бачIинилан ккун букIана. Гьурмада гьимигун вачIана цо вас гьениса къватIиве. Кабинеталде жание лъугьингун ва цаби-гIусал къачIалеб аппаратура бихьидал, дида сири бана, амма Нурианналгун хабар гьабидал, бихьана кигIан цIакъ гьелъие жиндирго хIалтIи бокьулеб бугебали ва гьелъ гьеб жиндирго рекIел ахIилъун рикIкIунеб букIин. Нурианна божулей йиго къисматалда ва жиндир гIумруялъулъ кинабго ТIадегIанав Аллагьасул амруялда рекъон унеб букIиналда.

Нижеца цебеккунго къотIи-къай гьабун букIана гара-чIвари гьабулаго гьелъул хасаб гIумруялда хъвазе гьечIилан. ЦохIого-цо гьелъ абуна, бокьарай чIужугIаданалъе гIадин, жиндиеги унго-унголъунги бокьилаанин хъизанги лъималги рукIине, амма жеги сагIаталде щун гьечIилан. РухIияб хIалбихьиялдалъун цо пуланаб даражаялде яхъине ккколила, къисматгун дандчIвазе ккани. Лъадиги эбелги хIисабалда жеги Нурианна загьирлъун гьечIо. Амма лъимал кутакалда рокьулел руго. Нурианнал гIумруялде философияб бербалагьи буго: кинабго жиндир заманалда!

Нурианнаца лъимал сах гьари жиндирго борчлъун рикIкIуна. Гьелда, аслияб къагIидаялъ, жиндирго творчествоялъул кумекалдалъун, батула гьезул рекIелъе нух. Лъималазе тохтур гурейги, артистлъунги йикIине ккола, гьел хIинкъизаричIого рукIине ккани йилан рикIкIунеб буго гьелъ.

Нурианна Калаевалъ гIумруялде бахъинабуна жиндирго цебесеб анищ. 30 соналде гIагарун заманаялъ сценабазда, бертабазда, корпоративазда цееяхъун щвараб гIарцухъ рагьана лъималазул цаби-гIусал къачIалеб клиника. Бизнесалъул бетIергьаналъе менеджерасул лъайги къваригIунелъул, экономикияб вузалда цIалиги лъугIизабуна Нурианнаца.

Гьелъ бицана жинцаго хIухьбахъи гьабулеб куцалъулги. Цо-цо мехалда къватIисел улкабазде уней йиго, къанагIатаб эркенаб заманалда гьудулзабигун цадахъ караокеялда кечI ахIизе бокьулеб буго. Гьелъул киналго гIадин гьудулзаби шоу-бизнесалдаса руго.

– Дир гьудулзаби руго Кристина, ГIайшат Айсаева, Залина ва Мурад Сулеймановал, Зайнаб Махаева, Лариса ХIажиева, Марианна, Адам Будагъилов, Даниял ГIалиев, Даниял Гьарунов ва гьел гурел гIемерал цогидалги.

Нурианна Каллаевалъул кIудиял планал руго жиндирго гIумруялъул музыкалияб ва медицинаялъулаб рахъал церетIезариялъе. Амма гьелъие дагьабги цIакъ бокьун буго гIадамазда гьей, артист ва тохтур хIисабалда гурейги, лъикIал ишаздалъун, лъикIай гIадан хIисабалда ракIалда чIезе.

Дида ракIалде ккола, Нурианна Калаевалъул хIакъалъулъ гьеб пикру гIадамазул некIого бугилан.

Виолетта Ратенкова



Эбелалъул рекIел хинлъи

Хъизан гIуцIун букIуна гIемерал кквезе кIоларел гIадин рихъулел къеразда-сан – гьел ккола дагъистаналъул халкъалъул хадусел гIелал гIезариялъул аслиял компонентал, жидерго гармониялъулаб жанисеб гIуцIигун, гьенир хъизаналъул гъанситоялда сверухъ чIахIиялги гьитIиналги данделъула.

Гьедин батани, щибха бугеб дагъистаниязул хъизаналъул гIумруялъул балъголъи? Гьеб лъугьуна жанисеб дунялалъул бечелъи, лъикIлъиялъул ва ритIухълъиялъул, гурхIел-рахIмуялъул сахлъиялъул мугьал, къварилъи ккаразда цадахъ чIезе бугеб гъира бижизабулеб ахIвал-хIалалда. КIвар бугеб жо ккола хъизан, гIадатал цIунун, гьединго гражданияб жавабчилъиялъул ва патриотизмалъул къебедлъун букIин, гьениб рокъоб гIицIго гIумру гьабизе бакI гуребги, дуе хирияб ва жавабчилъи тIаде босизе разилъулеб дунял букIин. Гьединал хъизанал нилъер республикаялда гIемер руго: халкъалъул берда цере рукIине хIаракат бахъуларо, яхI-намусалда рекъон гIумру гьабула, лъималазулъ намус, къадру, тIадегIанлъи, гьудулзаби ратизе бажари, творчество гIадал хаслъаби куцала.

Дербенталдаса Меджидовазул хъизан тIубанго гIадатияблъун бихьула, гьез анцIила кIиго лъимер гIезабулеб букIин гурони: анкьго васги щуго ясги. КIудиясул гьанжего гьанже анцIила микьго сон, гьитIинасул бащдаб лъагIел. Дербенталъулал чIухIарал руго шагьарцояздаса: гьенир гIемерал лъимал ругел хъизанал ккола бечелъиялъул, чIаголъиялъул, букIинесебалде божилъиялъул гIаламатлъун.

Дунги дирго гьалмагъги дандчIвана кидаго гьалбал къабул гьарулеб хинаб рокъоб. Гьениб букIана пихъил гъутIби ругеб санагIатаб ах, гьениб васаз инсуе рукъалъул хIалтIабазе кумек гьабулеб бугоан. ЛъикI бараб рокъоб кинабго жо жиндирго бакIалда букIана. КIудияб, гвангъараб гIумру гьабулеб рукъ, богорукъ. «КIудияб гьечIебани киналго столалда нахъа гIодор чIезаризе нижеда кIвелароан», – ян гьимана кIодоэбел Назифат Агъарагьимовна. Эбелалъул кодоб бугоан анлъго моцI бараб лъимер. Нижеца гьикъана: «Цогидал лъимал кир ругел?» – илан.

«Нижер щивасул жидерго тIадал ишал руго: цояз кIодоэбелалъе кумек гьабула, цояз инсуе кумек гьабула», – ян абула Бурлиятица. – Гьанже каникулазул къоял руго, щивасул хIалтIи гIемер букIуна. Школалъул заманалда киналго цIалиялда машгъуллъула. Гьединго гьел хьвадула музыкаялъул, спорталъул, гIелмуялъул кружоказде. Лъималазул къоял гIуцIун руго гьедин, гьезие эркенаб заман гьечIин абизе бегьула. Хъизаналъул аслияб ургъел ккола щивав чияс жидерго хIалтIул жавабчилъи тIаде боси. ХIалтIудалъун лъималазе тарбия кьеялъ гьезда жаниб бижизабула гIадлу-низам, заманалъул къимат гьабизе бажари ва сабру. Гьединго эбел-инсуца рикIкIуна лъималазулгун бухьен гьединабго кIвар бугеблъун. РакI рагьун гара-чIвариялда лъималаз жидерго хIалбихьиязул бицуна ва чIахIияз битIун гьабурабищали малъа-хъваял гьарула.

Гьезул эбелалъ, гьитIинабго камертоналъ гIадин, гьезул пикраби ва рекIел хIал рекъезабула. «Гьел жалго жидедаго чIун гIун рачIунел руго ва цоцаздехун ургъел гьабулел ва кIвар кьолел руго. Школалда цоял уна тIоцебесеб сменаялде, цоял кIиабилеб сменаялде. Ясазул цоялъ скрипка лъазабула, кIигоялъ фортепиано, кIудияв васасул баян бачине махщел буго, гьел киналго музыкалияб школалда цIалулел руго», – ян бицана эбелалъ.

Бурлиятги Замирги цадахъ ругелдаса анцIила микьго сон буго. Гьезда киданиги ракIалдецин ккун букIинчIо жидер анцIила кIиго лъимер букIине бугилан. Пачалихъалъул квербакъи букIинчIебани гьединаб хъизан гIезабизе кIвелароанин ракIчIей буго рос-лъадиялъул ва баркала кьолеб буго республикаялъе, тIалабалъухъ ва ургъелалъухъ. «ГIолохъанго дир анищ букIана ретIел букъулей чIужулъун яхъине. ЛъугIизаруна курсал, амма рокъойго хутIана. Дир рос хIалтIулев вуго «Незабудка» абураб ясли-ахалда печал ракулев чилъун. «Хъизан» абураб миллияб проекталъ гIемерал лъимал ругел эбел-инсуе кьолеб буго хIинкъигьечIолъиялъул асар ва букIинесебалда. Божилъи».

Бурлиятица бицана «Мать-героиня» абураб орденалъул хабар ракIалдаго гьечIого бачIанин: цин республикаялъул даражаялда кьезе бугилан абунин, хадуб лъазабунила тIолабго хъизан Москваялде, Кремлалде ине кколилан, 2026 соналъул 1 июналда, Халкъаздагьоркьосеб лъималазул къоялъ, гьеб орден Россиялъул Президент В. В. Путиница кьезе бугилан.

«Гьеб букIана цIакъ рекIее асар гьабуледухъ», – ян ракIалде щвезабулеб букIана Бурлиятица. «Дица баркала кьуна Путиние дирго тIолабго хъизангун цадахъ шапакъатал кьолеб тадбиралде ячIине рес щвеялъухъ – гьеб кIвар бугеб жо ккола гIемерал лъималазул щибай эбелалъе».



Москваялде щведал, кIиго лъимер унтун, гьел гостиницаялда тезейилан пикру букIана. Амма Путиница буюрухъ кьун, тIубараб хъизан щвана резиденциялде. «Нижеца лъималазда гIадамазда гьоркьоб, официалиял бакIазда адаб-хIурматалда хьвадизе малъун букIана. Нижер лъимал гIодоре риччарал, хьвадизе лъалел руго. Нижеда цадахъ гьеб къадруяб шапакъат щвана къого гIемерал лъимал ругеб хъизаназе», – ян бицана Бурлиятица.

Кремлалъул пресс-хъулухъалъ кIвар буссинабуна: «Меджидовазул хъизан ккола щулияб ва гьудуллъиялъулаб гьоркьоблъиялъул мисаллъун. Гьез цIунула хъизаналъул гIадатал, кIудияб адаб-хIурмат гьабула чIахIияб гIелалдехун, гьезие щола мадугьалзабазул ва хъизаналъул лъалел-хъвалезул адаб-хIурмат».

Бурлиятгун ва Замиргун эбел-инсул тарбия кьеялъул масъалабазул хIакъалъулъ гара-чIвари гьабулаго, нижеда бичIчIана гьезул дунялалдехун бугеб бербалагьиялъул гьварилъи, гьезул педагогикияб гьунар, лъималазул тарбия кьезе гьезул бугеб бажари.

Бурлиятица гIемер пикру гьабула букIинеселъул хIакъалъулъ: «Лъимералъе гIумруялъулъ кIвар бугеб жоялъул хIакъалъулъ тIоцересел дарсал рокъоб щола. Дицаги Замирицаги гIуцIула гьезул яхI-намусалде, жамгIияталда цебе бугеб жавабчилъиялде бербалагьи.

Ниж кIиялго МахIарамкент районалдаса руго, гьенир гIемерал лъимал ругел хъизанал рикIкIуна захIматалъул, гьоболлъиялъул, лъикIлъиялъул мисаллъун. Гьел ккола киналго дагъистаналъул халкъазул гIадатал – гIасрабаз цIунарал хъизаналъул гIадатал. КIвар бугеб жо ккола хъизаналъул тарих цIуни; хъизаналъул альбомазда бицине ккола гIасрабаз нахъехун унеб хъизаналъул гъотIол хIакъалъулъ, лъималазда жидерго наслу лъазе ва гьелдаса чIухIизе.

Нижер рокъоб тIоцебесеб бакIалда букIуна ритIухълъи, цоцазда



ричIчIи, жавабчилъи, божилъи, рокьи, лъикIлъи ва квербакъи. Хъизаналда лъалебщинаб жо лъугьуна нилъер дунял бихьиялъе кьучIлъун. ТалихIаб ва бечедаб хъизан ккола нилъер бергьенлъи, нилъер хIаракат ва нилъер божизе захIматаб хIалтIи».

Бурлиятица гIемер цIалула, ратула жиндиралда релълъарал пикраби, анализ гьабула: «Пачалихъалъ кIудияб жавабчилъи босула гIемерал лъимал ругел хъизаназе творческияб сверухълъи ва санагIатал шартIал гIуцIиялъул.

Нижер хъизан щулаго бухьараб буго ватIаналда, нижер кьалбал ругеб МахIарамкент районалда ва некIсияб Дербенталда. Гьаниб гIумру гьаби рагьараб музеялда гIумру гьаби гIадаб жо ккола. Проспектаздасан хьвадулаго, цIорол кьода гъоркь некIсиял минаби ва ганчIал – тарихалъул гIасрабазул нугIзал — рихьараб мехалъ, ракI чIухIиялъ цIола. Нижеца хас гьабун лъималазда малъуларо ватIан бокьизе. Амма гьезда сверухъ бугебщинаб жо: гьезул рукъ, гьезул ах, гьезул хирияй кIодоэбел, гьезул эбел-эмен – гьеб ккола гьезул ватIан, гьезул гIумру байбихьараб лахIзаталдаса нахъе».

Бурлиятилги Замирилги гIажаибаб хъизаналъулгун – рагьарал ва кIвар бугел гIадамалгун – нижеца гIемераб жо дандбана. Гьезие ургъел букIуна улкаялда ва дунялалда лъугьунеб щинаб жоялъул. Гьезие ракI-ракIалъ ургъел буго СВОялъул ва рикIкIунеб бугин фашизмалда тIад бергьенлъи боси букIине кколин гIаммаб бергьенлъилъун. Гьез чIухIун абулеб буго: къого дагъистанияв – Россиялъул БахIарзал – гьел гурищ хадусел гIелазе патриотизмалъул бищун лъикIаб мисал? Гьеб буго нилъер улкаялъул бищунго кIудияб хазина, гьелда разилъичIого рукIине нух гьечIо.

ГIайна ГIалиева


Эльмира Ибрагьимова
ва Азамат ХІасанов

Хъизаназдалъун бечедаб ансамбль «Лезгинка»

Дагъистаналъул Пачалихъияб Академикияб кьурдул ансамбль «Лезгинка» ккола культурияб лъугьа-бахъин: нилъер халкъазул гIасрабазул кьурдул ирс дунялалдаго машгьур гьабиялдалъун, гьеб щвана профессионалияб махщелчилъиялъул ва дунялалдаго машгьурлъиялъул рорхалъабазде. Гьелдаго цадахъ коллективалда жаниб цIунун руго хъизаналъулал гIадатал.

Ансамблялъул тарихалда кьурдухъабаз хъизанал гIуцIцIараб гIемерал хIужжаби руго: Вера ва Халид ГIисаевал, Екатерина ва Назир Идрисовал, Ума ва Руслан Ъокбулатовал, Наталья ва ГIалибек ГIалиевал, Ъатьяна ва ХIасан ХIасановал, Ума ва Рустам Мирзоевал, Людмила ва Николай Григорянцал, Елена ва Арам Айрапетянал, Хами ва Рамазан Рамазановал, Марина Кукулиева ва ГIамирхан ГIамирханов, Елена ва Сослан ХIажиевал ва гIемерал цогидалги...

Журналалъул гьаб номералда нижее бицине бокьун буго ансамблялъул гIадатал цIунулел гIолохъанал артистал: рос-лъади Эльмира Ибрагьимовалъул ва Азамат ХIасановасул.

Эльмираца бицана, жийги, жиндир эбел-эменго гIадин, МахIачхъалаялда гьаюнила, амма кьалбал Лаваша районалдаса ругилан. Гьей кьурдизе лъугьун йиго тIоцебесеб классалдаса нахъе – МахIачхъалаялъул №56 школалда бугеб ансамблалда байбихьун буго, хадуб культураялъул колледжалде цIализе лъугьун йиго. Жеги студенткалъун йикIаго, гьелъ хIукму гьабун буго «Лезгинкаялда» жиндир хIалбихьизе ва къабул гьаюн йиго.

Гьенив гьелда дандчIвала ворхатав, берцинав, гьунар бугев гIолохъанчи Азамат. Гьевги МахIачхъалаялда гIурав вас вуго. Бицунеб букIахъе, Дагъистаналъул мустахIикъав артист Азамат ХIасанов ккола машгьураб хореографазул хъизаналдаса. Гьев ккола Россиялъул культураялъул мустахIикъав хIаракатчи ва «АССА» лъималазул ансамблалъул нухмалъулев ГIали-агъа ХIамдулаевасул васасул вас. Азаматил эбелги ункъгIалги рукIана АССАялда репетитораллъун, имгIал вукIана «Лезгинкаялда» солистлъун. Азамат гьеб ансамблалда кьурдулаан ункъо сон баралдаса нахъе, 14 сон барав гьев къабул гьавула «Лезгинкаялъул» студиялде стажерлъун ва 2015 соналдаса нахъе ансаблялъул аслияб къокъаялда кьурдилев вуго.

Лъай-хъвай ккун лъагIалидасан Азаматицаги Эльмирацаги ригьин гьабуна, ансамблялда гIуцIцIана цоги хъизан. Гьезул йиго гьитIинай ясги.

Жидерго хIакъалъулъ бицунаго, рос-лъадуца баян гьабуна кьурдул коллективазда хъизанал гIемерал рукIунила ва гьебги кьурдухъабазул рукIа-рахъиналда бараб бугилан.

– Кьурдухъабазул букIуна хасаб график: радалго репетициял, кватIа-



рал концертал, гастролал ва кIудияб хIалтIул тIадецуй. Гьеб киналдаго гъорлъ гьечIев чиясда гьеб бичIчIулев чи дандчIвазе захIматаб жо ккола. Цоги рахъалдасан босани, цогидав чияс къабул гьабуларо анкьаз ва моцIаз сапаразда рукIине ккеялъул хIажалъи, байрамазул къоязги хIалтIуде рахъине ккей, Кьурдухъаби кьварараб гIадлуялда, сабруялда рукIине ккола, командаялъулаб хIалтIи ва цоцаздехун квербакъи гьечIого рес букIунаро. Рос-лъади кьурдухъабилъун ругони, гьел хаслъаби кIиязулго цебего рукIуна ва гьеб лъугьуна хъизаналъул кьучIлъун Профессионалиял кьурдухъабазул лъагIелал уна гIаммал мурадазда тIад хIалтIулаго. Дирги Эльмиралги гьел киналго рахъазда цадахъаб хIалтIи буго, – йилан бицана Азаматица.

Эльмираги лъугьуна гара-чIвариялде гъорлъе.

– Нижер хIалтIуда гьединаб дандчIваялъе ва лъай-хъваялъе тIабигIияб сверухълъи буго. Репетициязул зал, сцена, вокзалал, аэропортал, нижер автобус, гостиницаби – артистаз гьениб бала бищун цIикIкIун заман, гьединлъидал бищунго щулияб бухьенги гьаниб гIуцIцIула.

«Лезгинка» ансамблялъ жакъаги, 75 соналъ цебего гIадин, квербакъи гьабула артистазул хъизаназе. Нижеца цадахъ кIодо гьарула байрамал, баркула цоцазда гьарурал къоял ва, захIмалъи ккани, цоцазе квербакъула – гьеб киналъго нижер коллектив гъункизабула.

